ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№116-117 (23.525) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 22, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр тумэнитIщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм фокIадэм и 30-м къыдигъэкIа унафэ №220-ПП-м къару имыIэжу къэлъытэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м***
***Налшык къалэ №109-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къару имыIэжу къэлъытэн «2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм кърифыбзу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым къыхэкI субсидиехэр муниципальнэ щIыналъэхэм я бюджетхэм етыным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2014 гъэм фокIадэм и 30-м кьищта унафэ №220-ПП-м.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.**

**Уней лъапсэм къыщалэжьа пхъэщхьэмыщхьэмрэ адрей продукцэмрэ я щапщIэм щыщу хэхъуэ къабзэр зэрыхъун хуеймкIэ мардэхэр 2017 гъэм тещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувыным и Iэуэхк1э**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м***
***Налшык къалэ №112-ПП***

«Хуэмыщ1аущ къаЛытэн ик1и къэрал социальнэ дэIепыкъуныгъэ иратын папщIэ унагъуэм и хэхъуэр, унагъуэм ис дэтхэнэ зыми ику иту хэхъуэ зэхъуэр, зи закъуэу псэу цIыхум и хэхъуэр зыхуэдизыр къызэрабж щIыкIэм и Iэуэхк1э» 2003 гъэм мэлыхьыхьым и 5-м къащта Федеральнэ закон №444-ФЗ-м и 11-нэ статьям тету, уней лъапсэ зезыхьэ унагъуэхэм псори зэхэту къаIэрыхьэ хэхъуэр тэмэму къэлъытэн мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Уней лъапсэм къыщалэжьа пхъэщхьэмыщхьэмрэ адрей продукцэмрэ я щапщIэм щыщу хэхъуэ къабзэр зэрыхъун хуеймкIэ мардэхэр 2017 гъэм тещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувын, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI МУСУКОВ Алий.**

# Дуней псом щыIэм ефIэкIыу

**Иджыблагъэ зэхэта «Технопром-2017» етхуанэ дунейпсо зэIущIэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэр щагъэлъэгъуащ.**

БЭРБЭЧ Хьэтыутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр хъэрал университетым полимерхэм ятеухуауэ щрагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм ехьулIэныгъэ кърикIуащ - ди щIэныгъэлIхэм ящIа суперполимерыр йофIэкI абы хуэдэу дуней псом къыщагъэсэбэным. Пкъыгъуэщ1эм -100 щIыIэмрэ +300 хуабэмрэ хуошэч, быдэщ, къэбгъэсэбэныну тыншщи, медицинэм, авиацэм, 3D тедзапIэхэм сэбэп щыхъунущ.

2018 гъэм яублэнущ суперполимерыр къыщIэгъэкIыныр.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

● Гу зылъытапхъэ

# Iуэхур ирагъажьэ

**Хэкур яхъумэу хэкIуэдахэм я фэеплъыр мыкIуэдыным телажьэ «Урысейм и къэлыхъуакIуэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм иригъэкIуэкI «Вахта Памяти» Iуэхур мэкъуауэгъуэм и 22-м ирагъэжьнущ ик1и Май къалэм дэт къхъэм и Iэгъуэблагъэм сыхьэт 15-м щекIуэкIыну п1экIумкIэ къызэIуахынущ. Май районым къыщагъуэтыжа зауэлIи 9-м я хьэдэкъупщхьэхэр а махуэм щIалъхьэнущ.**

«Вахта памяти-2017» Iуэхур Iыхьишу гуэшауэ ирагъэкIуэкIынуц:

- «Вахта памяти-2017» экспедицэр (мэкъуауэгъуэм и 22 - мэкъуауэгъуэм и 29-хэм);
- «Урысейм и къэлъыхъуакIуэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм КъБР-м щригъэкIуэкI къэлъыхъуэныгъэхэр (2017 гъэм и мэкъуауэгъуэ - фокIадэ);
- «Урысейм и къэлъыхъуакIуэхэр» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм и зы гупым УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и Центральнэ архивым щригъэкIуэкIыну лэжьыгъэр (2017 гъэм и фокIадэ - дыгъэгъазэ).

Экспедицэм хэтыну жэрдэм зиIэхэм я тхылъыр лэжьыгъэм щIидзэным махуи 10 иIэу мы электроннэ адресым иригъэхъ хьунущ: poisk07@bk.ru

«Вахта Памяти» Iуэхум теухуауэ упщIэ фIеIэмэ, мы телефонэмкIэ фыкъэпсалъэ: 8 963 168 36 20, 8 928 080 37 56

***КъБР-м Печатымкlэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1анIэ.***

● Хъыбарегъащ1э

## ПэкIум фрагъэблагъэ

Налшык къалэм щыIэ «Щ1ыхьым и мафIэ мыужьхьыж» мемориалым деж мэкъуауэгъуэм и 22-м сыхьэти 9-м щрагъэкIуэкIынущ Хэку зауэшхуэр къызэрыхъеIэрэ илъэс 76-рэ зэрикIуэам теухуа фэеплъ пэкIу.

***Налшык къалэм и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.***

# Ди къуэш республикэхэм

## Ц1ыхубэ артистыр я хъэщIэщ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и хьэщIэщ Урысейм и ц1ыхубэ артист Гафт Валентин. Краснодар аэропортым хьэщIэ лъапIэр къыщрагъэблагъащ Адыгей къэрал университетым и студентхэм.***

НОБЭ Гафт Валентин хэтынущ АГУ-м и «Арт-Ритон» студент такъэмэ театрымрэ «КатарсиС» студент театр студиемрэ я гупхэм я творческэ зэIущIэу университетым щекIуэкIынум.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Мэзкуу и «Современник» театрым щагъэлъагъуэ «Пока существует пространство» спектаклыр. Абы ролхэр щагъэзащIэ пьесэр зытхахэу Гафт Валентинрэ ди лъэпкъэгъу, Урысейм щIыхь зиIэ и артист Багъ Саидрэ. Спектаклым хэтхэм я фащэхэр и Iэдакъэщ1экIщ урысей модельер, Адыгейм щыщ Мэчэр Сусанн э.

## Форумым зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Щ1ыналъэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид я щIэгъэкъуэну, республикэм щрагъэкIуэкIынущ «Архъыз-XXI» IV Кавказ Ищхъэрэ граждан форумыр. Мы зэманым абы зыхуагъэхьэзыр.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Администрацэм и унафэщI Салпагаров Эльдар и тхьэмадэу, УФ-м и Президентым и полномочнэ ЛIыкIуэу КIФЦЩ-м щыIэм и къуэдзэ Галактионов Андрей сымэ къырихьэлIэу, КъШР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ форумым зэрызыхуагъэхьэзырым ик1и зэрыграгъэкIуэкIынум щытепсэлъыхьа зэIущIэ.

«Архъыз-XXI» IV Кавказ Ищхъэрэ граждан форумыр бадзэуэгъуэм и 12-м къыщызэIуахынущ сыт хуэдэ лъэхъэнэми лажьэ «Архъыз» турист-рекреацэ комплексым ик1и ар махуищкIэ кеIуэкIынущ. Абы хэтынущ мылъку къэлэжьыным пымыщIа Iэхъущ1анIэхэм, СМИ-м, властым и органхэм, эксперт зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэу 250-м нэблагъэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● КъБР-м и Парламентым

# Пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэм зрагъэубгъу

**КъБР-м и Парламентым Мэкъумэшым зегъэужьыныкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэныным щIы IуэхуэхэмкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ, иджыблагъэ екIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бгымрэ бгы лъапэхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэм зыщегъэужьыным теухуауэ щIыIэ Iэмалхэм щыхэплъа зэIущIэ.**

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим** зэIущIэр къыщ1ыз1уихым жиIащ республикэм ижьырей илъэсхэм пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэхэм егупъуу зэрыщегъажьыр, ауэ а Iуэхур зэрырагъэфIэкIуэну Iэмалхэм егупсысын зэрыхуейр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш Iэнатlэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм ящ1ыщ1 жыг хадэ гъэкIыныр. Къап1щтэмэ, ди щIыуэпсымрэ щIыналъэм и хуабагъэ псыгъэмрэ а Iуэхум хъарзынэу тещIыхьащ. Абы къыхэкIыу, тэмэму къызолIытэ а унэтIныгъэм зедгъэужьныр», - къыхигъащ1ащ Жанатаевым.

- КъБР-м и Iэтащхьэ Iуэхуэкlуэ Юрий Парламентым Зэрызыхуигъэзам къыхигъэщ1ауэ щытащ республикэм и экономикэм зиужьныр мэкъумэш Iэнатlэм куэдкIэ зэрелъытар, абы зи мылъку хэзылъхьэфынуэр тегъэгушхуэн зэрыхуейр. Къэбгъэлъагъэмэ, иужьрей илъэсхэм куэд тхузэфIэкIащ. Псалъэм папщIэ, 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшым псоми зэхэту къалэжьащ сом мелард 44-м нэблагъэ и уасэ. Арщхьэкlэ дызэлэжьын иджыри щыIэщ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэхэкIымрэ кьехьэлIэжыным, хъумэным, ахэр щэным ехьэлIауэ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Мэкъумэшым зегъэужьныкIэ, экологиемкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэныным щIы Iуэхуэхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Мокаев Кемал**.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и яПэ къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр **Говоров Сергей** къыщ1ыпсалъэм къыхигъащ1ащ республикэм щыпсэуэхэм жыг хадэ гъэкIыным хэхъуэ хъарзынэ къаззрыритыр.

- 2017 гъэм ипэжэм ирихьэлIэу къызэрытпщытамкIэ, илъэс куэдкIэ къызыпыкIэ жыг хадэхэм республикэм и щIы гектар мин 16-рэ 455-рэ къызэщIауфыщ, абы щыщу щIы гектар мини 7-рэ 277,5-м щыхасар псынщIэу хъу жыгхэм ящыщ. Мы гъэм ди гугъэщ1 иджыри щIы гектар 1100-м пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр щыхэтсэну, - жиIащ Говоровым. Къэпсэльаъм къызэрыхигъащ1амкIэ, мэкъумэш Iэнатlэм зегъэужьныным теухуа къэрал программэм ипкъ иткIэ, 2020 гъэ пщIондэ я мурадщ псынщIэу хъу жыг хадэхэр щIы гектар мини 10-м нагъэсыну. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, абыхэм пхъэщхьэмыщхьэ тонн 400-м щIиригъ кIатын хуейщ.

- 2016 гъэм кьрикIуэм тепщIыхьмэ, псори зэхэту ди республикэм къыщхьэхъэлIащ тонни 135,6-м нэблагъэ (2015 гъэм еплъытмэ, проценти 108-рэ мэхъу). Мэкъумэш Iэнатlэм елэжьхэм я зэгухьэныгъэхэм защIэгъэкъуэным нэгъабэ сом мелуани 3-рэ ныкъыкъэрэ хухэтхащ, а Iуэхум дызыхуэкIуэ илъэсхэм хухахьыщ сом мелуан 80, - дыщIигъащ Говоров Сергей. - Апхуэдэуи къыхэгъэщIапхъэщ пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэхэмрэ бгы, бгы лъапэхэм къыщыгъэкIынымкIэ ехьулIэныгъэфI дыззриIэр. Дэ дызэрелъпхьмкIэ, мэкъумэшыщIэхэмрэ республикэ унафэщIхэмрэ дызэрызэдэлажьэм елъытауэ щытынущ хьэрычэт Iуэхум зэрызиужьынур.

Говоров Сергей жиIащ Бгымрэ бгы лъапэхэмрэ жыг хадэ щыгъэкIынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэхэкъуаткIуэ институтым (пхъэщхьэмыщхьэ, дэ лIэужьыгъуэ 800 ядж) ехьауэ кониссэ къызэрызэрагъэпэщынур, абы хагъэхьэну Iэщ1агъэлIхэр хьэрычэтыщIэхэм хэмджэщ1агъу яхуэхъуфынущ щIыпIэхэм нэхъ къыщ1ыхъуну жыг лIэужьыгъуэхэр къыхаХыныкIэ. Мы зэманым республикэм пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэу 19 щыIэщ, псоми зэхэту тонн мин 72-рэ зэуэ щагъэтIылъыфу. 2020 гъэм ирихьэлIэу а бжьыгъэр тонн мин 300-м нагъэсыну я мурадщ.

Ежьыр Сергей жиIащ Бгымрэ бгы лъапэхэмрэ жыг хадэ щыгъэкIынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэкъуаткIуэ институтым и унафэщIым и къуэдзэ **БакIуу Жэмал**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым пхъэщхьэмыщхьэмрэ жызымыгъэ елэжьынымкIэ и кафедрэм и профессор **Шыдакъ Рашид**, «Кэнжэ» ООО-м и унафэщI **КIэщт Альберт**, Зэрэгъыж къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Къалмыкъ Владимир**.

Къэпсэльахэм къызэрызэкIуэщамкIэ, пхъэщхьэмыщхьэ къыщрахьэлIэжкIэ, Iуэхум и пIалъэр зыщ1э Iэщ1агъэлIхэр зэрамыIэм гугъуехьхэр кьыхокI, дунейм и къэхъукъащ1эхэм мэкъумэшыщIэхэр щыхъумэным егупсысыпхъэщ, районхэм щы бэджэнду къыщыщ1эщтхэм ят пщIэм зэрыхэхъуэр къеззгырыкрым.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Зыхурагъаджэ Iэщ1агъэхэм къахохъуэ

● Щ1эныгъэ

къыщ1эхуэсахэм яжриIа хъыбарыщ1эхэм ящыщ1ущ университетым мы гъэ ещ1эгъуэм къыщыщ1эдзауэ унэтIныгъэщIэхэр къыщ1эрыщ1эзыгъаехьр. Иджыри къэс абы зыщыхурагъаджэхэм иджы къаохъуэ «Психологие», «Къэрал зэхуаку зэхущытыкIэхэр», «Архитектурэ», «Педиатрие», «Персоналыр зэрыбгъэлэжьэнур», «Къэрал, муниципальнэ управленэр» Iэщ1агъэмкIэ щIэныгъэ. Ахэр пщIэ зыщ1ат, зэгурыуэныгъэр зи лъабжьэ унэтIныгъэхэщ.

Алтудым жиIэм пищу, зэхуэсым къыщыпсэльащ КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ IэхуэхъэмкIэ и проректор **Къумыкъу Iэуес**. Абы адэзанэхэм, абитуриентхэм яжриащ зэрыщ1этIысхьэну тхыльхэр щаткIэ, лъэпощхьэпо гуэрхэр Iуэхум къыхэкIмэ, абыкIэ зызыхуагъаззэ хъуну Iэщ1агъэлIхэр зэрыщ1ыр.

Университетым и щIэзыгъэтIысхьэ комиссэм ягъэ зыхь и секретарь, КъБКъУ-м и доцент **Гъэзугъокъуэ Тимур** къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ ныбжьыщIэр зыхуеджэну зыхуей Iэщ1агъэр тэмэму яубзыхуауэ, я дэфтэрэр къызэхуэтынщиу яIэщ1элъу еджапIэм къекIуалIэмэ, зэрынэхъыфIым. Абыи зэхуэсым хэта адрей Iэщ1агъэлIхэми адэ-анэхэмрэ абитуриентхэмрэ я упщIэхэм жэуап щэщ1ахэр яратащ. Иужькlэ ахэр ирагъэлъащ КъБКъУ-м щекIуэкI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лажьэгъэхэм ятеуухуа фильм кIэщIым. Апхуэдэу зэхущIэхэм ираттащ «Университетская жизнь» газетым и къыдэкIыгъуэ хэхар, КъБКъУ-м зэрыщ1этIысхьэ хабзэмрэ зэщIыхуагъаджэ Iэщ1агъэхэмрэ ятеухуар.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 22,** *махуэку*

**♦Хэкур яхъумэурэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ.** 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

**♦1889 гъэм** Европэм щыяпэу Германием къыщащтащ жьы хъуахэм пенсэ яхуэгъэзэувыным теухуа унафэ.

**♦1944 гъэм** КъБАССР-м и Министрхэм я Советым деж Архив управленэ къыщыз1эрагъэпэщащ.

**♦1945 гъэм** Берлин къраХыжри Москва къахьыжащ ТекIуэныгъэм и Бэракъыр.

**♦1967 гъэм** Налшык дэт ПТУ №7-м и ц1ыхубз спортсменкIэ 15 ди щыхьэрым щежьэри, лъакъуэрыгъажэкIэ Ленинград кIуэну тэхъащ.

**♦1973 гъэм** Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм хагъэхьащ ГДР-мрэ ФРГ-мрэ.

**♦1978 гъэм** Плутон и спутникыр - Харон - къаГуэтащ.

**♦1994 гъэм** Бельгием и къалащхьэ Брюссель Iэ щытрадзащ «Мамыр-гъэм папщIэ зэкъуэувэн» программмэм, Урысейм НАТО-мрэ зэрызэдэлажьэну щыкIэр щыубзыхуа зэгурыуэныгъэм.

**♦2009 гъэм** Ингушым и Президент Евкуров Юнусбек яукIыну хэтащ. Ар уIэгъэ хьэлъэ дыдэ ящIауэ щытащ.

♦Композитор, музыковед **Авраамов Арсений** къызэралъхурэ илъэси 127-рэ ирокIу.

♦КъБКъУ-м и профессор **Къуэщ1исокъуэ Александр** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

♦ГуащIэдэкI ЩIыхь ордены и дамыгъэ псори зыхуагъэфэща, КъШР-м щыщ кIэрГюфрГъэкI **Шэрджэс Марьят** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

♦ Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэпащ1э Юрий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэ **Варлей Наталье** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦США-м щыщ актрисэ щIэрыIуэ, «Оскар» саугъэту щы зрата **Стрип Мерил** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

♦УФ-м и ц1ыхубз артистхэ **Крючковэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокIу.

♦Искусствоведением и доктор, профессор, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкlэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 23,** *мэрем*

**♦Дунейпсо Олимп махуэщ.** 1894 гъэм Париж щекIуэкIа конгрессым, Пьер де Кубертен и жэрдэмкIэ, унафэ къыщащтащ Дунейпсо Олимп комитет къызэрэпэщыным теухуауэ, илъэсиплI къэс зэ Олимп джэгуэр ирагъэкIуэкIыну трауихуэжащ.

**♦ООН-м къэрал къулыкъу щыщIэным и дунейпсо махуэщ**

**♦Фызабэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Къэзахъстаным и полицэм и махуэщ**

**♦Молдавием и къэрал щхьэхуитныгъэм и махуэщ.** 1990 гъэм Молдавие ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къищтащ республикэм и суверенитетым теухуа декларацэр.

**♦Эстонием щагъэлъапIэ я ТекIуэныгъэм и махуэр.** 1919 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м эстон армэм Виыну къалэм деж щызэтрикъутащ Латвием и къалащхьэ Ригэ зыубыдауэ Эстонием къебгъэрыкIуэ нэмыцIэдзэр.

**♦1860 гъэм** США-м и щэхурылажьэ Iэхуэщ1анIэр къызэрагъэпэщащ.

**♦1868 гъэм** зэрытхэ машиннэр къагупсысащ.

**♦1930 гъэм** Москва къыщызэрагъэпэщащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемэ экономикэмкIэ и институтыр.

**♦1934 гъэм** Кремлым щагъэлъапIащ Лыхъжьхъэр, Ленинным и орденымрэ «Совет Союзым и ЛIы-хъужь» цIэ лъапIэр къаралым щыяпэу зэрыфIащым теухуа тхылъымрэ иратыжащ къъуэлъатэзекуэ Ляпидевский Василий. Апхуэдэуи ЛIыхъужь цIэр зыфIащ1ауэ Молоков Василий, Каманин Николай, Леваневский Сигизмунд, Водопьянов Михаил сымэ, нэгъуэщIхэри яГъэльэпIат а махуэм.

**♦1941 гъэм** Къэбейхэр зэблэщыщ Тхьэмыт1локъуэ Хьэсэн Къухьэпl э Украинэм и къэрал гъунапкъэр ихьумэу, зауэм и етIуанэ махуэм лIыгъэ хэлъу и гъащIэр итащ: гранатэхэр щIэпхауэ фашист танкым зыщIидзэри, ар икъутащ, езыри хэкIуэдащ.

**♦1944 гъэм** советыдзэхэм щIадзащ Белоруссием и щIыналъэр фашистхэм кьанэ щымыIуэ къа1эщIэ-гъэкIыжыным теуухуа «Багратион» зыфIаща ебгъэрыкIуэныгъэм.

**♦2016 гъэм** Инджылызым референдум щекIуэкIащ ик1и абы къыригъахъэм япкъ иткIэ унафэ къащтащ къэралыр Европэ ЗэгурыIуэныгъэм къызэрыхэкIыжым теуухуауэ.

♦Урыс усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, литературовед, Нобель и саугъэтыр хуэфащ1уэ ягъэльэгъуэхэм ящыщ **Ахматовэ (Горенко) Анна** къызэралъхурэ илъэси 128-рэ ирокIу.

♦Парт, къэрал лъакIуэ, хьэрычэтыщIэ, псапащIэ, КъШР-м гупс кIыщыщIагъэкIыу щыIэ заводым и унафэщI **Аргун Олег** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокIу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КIэмыргуей Валентин** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

♦«ВиД» телекомпаниеи и президент, «Взгляд» нэтыным и къызэрэпэщащIуэхэм яхэта **Любимов Александр** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокIу.

♦Урысей уэрэджэщIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, Шэшэн Республикэм и ц1ыхубз артист **Меладзе Валерий** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

♦Франджы футболист щIэрыIуэ, Мадрид и «Реал» клубым и тренер нэхъыщхьэ **Зидан Зинедин** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокIу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщещхьынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

***Зыгъэхьэзырар***
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

# Бэлэрыгъыр гъэр мэхъу.

# Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

**«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!**

**Фигу къыдогъэкIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыныр зэрекIуэкIыр.**

**Дэ газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.**

**Ди индексыр 51531**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэм хуэгъэзауэ щыІэ социальнэ зэпыщІэныгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 13-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ»**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

КъБР-м и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэм хуэгъэзауэ щыІэ социальнэ зэпыщІэныгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 13-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щиндзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм накъыгъэм и 25-м*
*№704-П-П*

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэм хуэгъэзауэ щыІэ социальнэ зэпыщІэныгъэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым 13-нэ, 17-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщІэщІащ 2017 гъэм накъыгъэм и 25-м***

**1 статья**

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэ Іэнатіэм хуэгъэзауэ щыІэ социальнэ зэдзэлажьэныгъэм и Іуэхукіэ» 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №50-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 13-нэ статьям и Іыхьэ 1-м пункт 13-нэр дзщІыгъуэкІи, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«13) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм я проектхэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм я кІэнэмыщІ хабзэ мардзэхэм я проектхэу социально-экономикэ зэпыщІэныгъэхэмрэ абыхэм хиубыдэ экономикэ зэпыщІэныгъэхэмрэ зэблэгъэкІыным теухуахэм махуэ 30-м фІэмыкІ пІалъэм кьриубыдэу хэплъыну икІи абыхэм ятеухуа унафэхэр кІиштэну.».

2. 17-нэ статьям Іыхьэ 6-нэр дзэщІыгъуэкІи, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«6. Профессиональнэ союзхэм я республикэ зэгухьэныгъэхэм, лэжьапІэ зытхэм я республикэ зэгухьэныгъэхэм кІабгъэдэкІ зэгъэуІуакІуэхэр ирагъэблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствоэм и эІуцІэхэу социальнэ лэжьыгъэ зэпыщІэныгъэхэмрэ абыхэм хиубыдэ экономикэ зэпыщІэныгъэхэмрэ ятеуха Іуэхухэм щыхэплъэхэм».

**2 статья.**

Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщІ дэкІа нэужь.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэкъуэгъуэм и 13-м*
*№21-РЗ*

● ГуфІэгъуэ пшыхьхэр

# ПщІэ зыхуэфащэхэр

**Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэр Іэтауэ щагъэлъэпІащ Дзэлыкъуэ районым Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэ хуащІащ икІи ехъуэхъуащ Дзэлыкъуэ щыІанльэ администрацэм и унафэщІ Джатэ Руслан. Ветеранхэм я район советым и тхьэмадэ Бэрэгъун Арсен, район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Маринэ сымэ.**

- ДОХУТЫРУ улэжьэн папщІэ щІэныгъэ куу ббгъэдэлъэныным и мызакъуэу, жэуапльныгъэшхуи Іэзагъ льаги пхэльу, апхуэдэуи гуапэу, гущІэгъу уиІэу ущытын хуейщ. Фэ сымаджэхэм я узыр ящьыщьвох, гугъэ ивотыжри, гукъыдэж яІэу гъащІэм хывогъэпльэж. ФІыщІэ фхузощІ жэщ-махуэ жьымыІэу, фи гуащІэ фемыблэжу фи Іэнатіэр зэрефхьэкІым папщІэ. Фи махуэшхуэм екъулІэныгъэ къыфхудэкІуэну си гуапэщ! - захуигъэзащ медицинэм и лэжьакІуэхэм Джатэ Руслан.

Районыр унафэщІым щхьэхуэу псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ щыІанльэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм илъэс куэдкІэ щылэжьахэм.

Бэрэгъун Арсен Ветеранхэм я район советым къыбгъэдэкІыу дохутырхэм я мазэуэмкІэ екъуэгъуащ икІи жиІащ нэхъыжьхэм я узыншагъэм гулъытэ зэха хуащІу ахэр зэрыкІэльыплъыр.

Районыр сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Маринэ и лэжьакІуэхэм щекъуэхъум, къыхигъащІащ ахэр псори я Іэнатіэм гурэ псэкІэ зэрыпэрытыр, дзэхэнэми и лэжьыгъэр дагъуэншэу зэрырихьэкІыр. Абы районыр унафэщІым фІыщІэ хуищІащ ягъуэт гулъытэм папщІэ, къыхигъэщащ и лэжьэгъуэхэм я Іэщ Іагъэр фІыуэ зэралъагъур, ветеранхэр нобэ лажьэ дохутырхэм щапхъэ нэс зэрахуэхъур.

Зи Іэнатіэр екъулІэныгъэ яІэу езыхьэкІхэр махуэшхуэм щагъэльэпІащ. Апхуэдэу КъБР-м и Правительствоэм и Щ1ыхь тхьилъыр ираташ Дзэлыкъуэ районым сымаджэщым клиникэ лабораторэ диагностикэмкІэ и дохутыр, лабораторэм и унафэщІ Нэхущ Іэминат. Дзэлыкъуэ щыІанльэ администрацэм и унафэщІым къыбгъэдэкІ Щ1ыхь тхьилъкІэ ягъэпэжащ Къарамэхьэблэ дэт амбулаторэм и медсестра Щоджэн ФатІимэ. Район администрацэм и тхьэмадэм и Щ1ыхь тхьилъыр ираташ щыІанльэ сымаджэщым узыфэ зэрыцІалэхэмкІэ и къудамэм и санитаркэ Тэтрокъуэ Жанпагуэрэ клиникэ диагностикэ лабораторэм и биолог Мэржэхъу Мадинэрэ. Дзэлыкъуэ щыІанльэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и Советым Щ1ыхь тхьилъхэр хуагъэфащащ район сымаджэщым и поликлиникэм дзэ дохутыру щыІэ Къардэн Алим, а Іэхущ Іанльэм и участковэ дохутыр-терапевтым и медсестра Бжьахъуэ ФатІимэ, сымаджэщым и тепІэн-щІэлъыныр зыхуей хуэзыгъэзэ Ныр Иринэ сымэ. «Урысей зэкъуэт» партым и щІыпІэ гъэзащІакІуэ комитетым къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхьилъхэр ираташ район сымаджэщым и стоматологие пэшым и унафэщІ Хьэ Іупщы Марат, медсестрахэу Лыджыдэ ФатІимэтрэ Шыд Заремэрэ, амбулаторэм и фельдшер Гувэжыкъуэ ФатІимэт сымэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и Щ1ыхь тхьилъэр хуагъэфэщащ район сымаджэщым и дохутыр-терапевт Пщыхь Іэсиятэ акушеркэ Іэдыщ1эс Лалусэрэ. Министерствэм и фІыщІэ тхьилъымкІэ ягъэпэжащ Сэрмакъ жьлэм дэт амбулаторэм и медсестра Темырчы ФатІимэт.

Дзэлыкъуэ район сымаджэщым и Щ1ыхь тхьилъэр ираташ Кърым Светланэ (Малкэ къуажэм и амбулаторэм и фельдшер), Бжэныкіэ Ритэ (район сымаджэщым и бухгалтер), Сэвкіуий Ириндэ (район сымаджэщым и акушер-гинеколог), Лыджыдэ Ритэ (район сымаджэщым и хирургие къудамэм и медсестра), Жэмыхьэуэ Аслъэн (район сымаджэщым и неврологр), Мэремыкъуэ Роксанэ (район сымаджэщым и фельдшер-наркологр), Хъдемовэ Еленэ (Сэрмакъ къуажэм и амбулаторэм и терапевт), Хьэщ1эмыз Іэсият (район сымаджэщым и медсестра), Лъэнкіэпіашэ Астемыр (Дзэлыкъуэ къуажэм дэт амбулаторэм и «Дзэлыкъуэгъу псынщІэм» и фельдшер), Къэшэж Светланэ (район сымаджэщым и медсестра) сымэ.

Махуэшхуэр ягъэдэжащ районым и артистхэм, уэрэджыІакІуэ, къэфакІуэ ансамблхэм.

**ЩОКЪУЙИ Іэминэ.**

# Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлі гуп

**Медицинэм и лэжьакІуэм и махуэм хуэгъэпса пшыхь иджыблагъэ щекІуэкІащ Аруан районым Щэнхабзэмкіэ и унэмиг. Аруан, Лэскэн щІыналъэхэм узыншагъэр хъумэнымкІэ я Іэнатіэхэм пэрытхэр щагъэлъапІэ махуэшхуэр къыздэІуихащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и хирург нэхъыщхьэ, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, Нартхьалэ дэт. районхэм эдэй сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Къэлэбатэ Рустам.**

Куэшей Азэмэт и хъуэхъу.

- ЗЭФІЭКІ хъарзынэхэр фиІэу, дэтхэнэми жэуапльныгъэр нэсу зыхэсфщІэу лэжьыгъэр ивохьэкІри, фи Іэзагъэм хэвгъахъуэу, фи фІыщІэр мыкІуэду, фефІакІуэу адэкІи Іэнатіэм фыгъэрытыну си гуапэщ, - захуигъэзащ абы и лэжьэгъуэхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм сабийхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ къахуэзгъэпэщынымкІэ и къудамэм и унафэщІ **Щоджэн Юлие** жиІащ Нартхьалэ дэт сымаджэщым зыпэрыт Іуэхум фІыуэ хэзыщІыкІ Іэщ Іагъэлі гуп зэрыщылажьэр, абыхэм я екъулІэныгъэхэм республикэр зэрыригушхуэр. Апхуэдэу абы къыхигъэщащ республикэм и районхэм сымаджэщхэм ящыщу иджырей Іэмэпсымэхэмрэ Іэзэкіэ Іэмалыщ Іэхэмрэ къагъэсэбэпу фІагъэшхуэ зиІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щыхуащІэр мы Іэхущ Іанльэм и закъуэу зэрыщытыр икІи адэкІи я зэфІэкым абыхэм я екъулІэныгъэхэм зэрыщытыр.

Медицинэм и лэжьакІуэхэм я махуэшхуэмкІэ екъуэхъуну зэІущ Іэм къахуеблэгъат Аруан район администрацэм и Іэтащхьэ **Куэшей Азэмэт**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Аруан щІыналъэм щиІэ къудамэм и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ **Бэрэгъун Арсен**, Лэскэн район администрацэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Афіэунэ Мухьэдин**, Нартхьалэ и щІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Батий Исмэхьил** сымэ.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и лэжьакІуэ нэхъыфІхэр Іуэхущ Іанльэ зэмылІэужьыгъуэхэм къабгъэдэкІ щІыхь, фІыщІэ тхьилъэмкІэ ягъэпэжащ.

Пшыхьым ягу къыщагъэкІыжащ районым узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм и ветеранхэр. Абыхэм ятеухуауэ зэхагъэува видеонэтын кІэщІым къыщыгъэльэгъуэжат 1943 гъэм Дохъушыкъуей жылагъуэм и цІыхухэм хуащІу щыта медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зыхуэдар, а лъэхъэнэм щыщІэдзауэ нобэр къыздэсым Іэнатіэм зэрызиужьар, сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэу щытахэм ятеухуа хъыбар кІэщІхэр.

Медицинэм и лэжьакІуэхэм я нэгу зрагъэужьащ «Нартхасэ», «Нарт шыр», «Дыгъэ шыр», «Вдохновение», «Фантазия» ансамблхэм, уэрэджыІакІуэхэу Щоджэн Валерэ, Нэдгэгъу Альберт, Налетовэ Дианэ, Мэкъуауэ Фарузэ сымэ.

**ДУДЕЙ Заремэ.**

# Генерал-майор Абыдэ Ахьмэд ящыгъупщэркъым

● Зэхьэзэхуэ

**КъБКъУ-м и спорт комплексым иджы яІпу щекІуэкІащ дзюдомкІэ Урысейпсо зэхьэзэхуэ зэІуха, юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист, къэрал кІэуцІ къулыкъум и генерал-майор Абыдэ Ахьмэд и фэеплъу кьыздэгъэпэщащ.**

АБЫДЭ Ахьмэд Сираж и къуэр Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост къуажэм къыщалъхуащ. Дзэ къулыкъур иритхэкІыу 1979 гъэм къигъэзэжа иужь, КъБР-м щыІэ МВД-м тезырхэр щапшынэжьщ-щылажьэ Іуэхущ Іанльэмкіэ и кьудамэм лэжьэн щыщІидзащ. Абы и япэ къулыкъуу щытар следственнэ изоляторым и инспектор нэхъыщІэ жьыхуИэрщ. 1984 гъэм Ахьмэд Прохладнэ щІыналъэм щыІэ Советскэ жылагъуэм дэт колоние №92-м и оперативнэ къулыкъум и унафэщІу ягъэуващ. ИльэситІ дэкІри, а Іуэхущ Іанльэм и тхьэмадэ хъуащ. Абыдэ 1981 гъэм къиухащ СССР-м и МВД-м Владимир къалэм щыІэ и школыр, 1991 гъэм - МВД-м и юридическэ еджапІэ нэхъыщхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиемэ и экономикэ факультетыр - 2006 гъэм. Республикэм и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ Іэнатіэм Абыдэр илъэс 30-м щигъукІэ щылэжьащ. Абыхэм ящыщу 26-м ар унафэщІ къулыкъуэхэм пэрытащ. Ар къыззгъэпэщакІуэ нэсу зэрыщытыр къигъэлъэгъуащ Урысей ФСИН-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІу щыщІата илъэсхэм.

ЖЭуапльныгъэр нэгъэсауэ зыхэзыщІэ, зи къаланым хуэпэж унафэщІыр къахэщыт и Іэщ Іагъэм зэрыхуІэжьжьмкІэ, жьыжьаплъэт, Іуэхур щыунэтІыф цІыху гумызагъэт. Ахьмэд цІыхухэм ткІийуэ зэрахущытыкІэ гулъытэу яхуищІыкІэ тэмэму зэпилъытырт. Абы и лэжьагъуэхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ пщІэ къыхуащІырт зэрыгуащІафэм, гупыр зэрызэхъуигъэувэфым, зэрыгуапэм папщІэ.

2010 гъэм абы къыфІащащ къэрал кІэуцІ къулыкъум и генерал-майор цІэр. Абыдэ Ахьмэд къыхуагъэфэщащ къэрал, ведомствэ дамыгъэ куэд, абыхэм ящыщщ ПІыгъэм и орденитІыр, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 2-нэ нагъыщ1эм и медалыр, и цІэр зытетха Іэщ1эр. 2011 гъэм абы и цІэр фІащащ Налшык къалэм и уэрамхэм ящыщ зым.

Зэпеуэр къыщызэІуахым хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, спорт, жылагъуэ Іуэхущ Іанльэхэм я унафэщІхэр, и ныбжьэгъуэхэмрэ лэжьэгъуэхэмрэ. Къызэхуэсахэм фІэхъыс псалъэкІэ захуигъэзащ КъБР-м щыІэ УФСИН-м и унафэщІ Мэржэхъу Мухьэмэд.

- Зи Іэщ Іагъэр фІыуэ зыльагъу апхуэдэ цІыхуэгр дунейм щехьжкІэ, щІым къытоиэ абыхэм я лъэужь дахэ - зыхущІэкъуа хъуэпсанІэхэм къапэкІуар, - къыхигъэщащ Мэржэхъум. - Апхуэдэхэм я гъэугум ириктІуэну хуей дэтхэнэри нэхъ тыншынущ, лэжьакІэмрэ дуней тетыкІэмрэ я щадпхъэ ялъэгъуащ. Зэкъэзэхуэр къызэрагъэпэщащ генерал Абыдэм и унагъуэм, ныбжьэгъуэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, Ахьмэд илъэс куэдкІэ зи унафэщІу щыта ди Іуэхущ Іанльэм я жэрдэмкІэ. Ди лэжьэгъу-ныбжьэгъум и ляпэ фэеплъ зэпеуэм кърихьэлІащ Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм къикІа спортсмен ныбжьыщІэ 300-м щІигъу. КъэкІуэнум ди мурадщ республикэм Дзюдомкіэ и федерацэр ди щІэгъэкъуэну зэхьэзэхуэр илъэс къэскІэ едгъэкІуэкІыну, абы зедгъэубгъуну.

Мэржэхъу Мухьэмэд зэхьэзэхуэм хэтхэм ехъулІэныгъэхэр зыІэрагъэхьэну зэригуапэр жиІащ.

Іуэхум хуэгъэр генерал-майор Абыдэ Ахьмэд и фэеплъу дакъикъэкІэ щымащ.

Мы зэхьыхьр ягъэдэкащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым, «Нал цІыкІу»-м я къэфакІуэхэм, Нэхущ Чэрим игъэзэщІащ Абыдэ Ахьмэд фІыуэ ильагъуу щыта уэрэдхэр.

**ЗЭБАР Мадинэ.**

● Іуащхьэмахуэ лъапэ

# «Эльбрусиада-2017»-м зыхуагъэхьэзыр

**«Эльбрусиада-2017» - араш зэреджэр мы зэхьэхьэм. Урысейм Альпинизмэмкіэ и федерацэм зэрыщыжаІамкІэ, мэкъуауэгъуэм и 25-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 3 пщІондэ Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэрагъэпэщыну Іуэхугъуэхэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъыр альпинизмэмкІэ спортым и дунейпсо классым и мастер, Эверест щэнейрэ дэкІа Душарин Иван я унафэщІу, бгыхэр къэгъэІурыщІэнымкІэ Іэщ Іагъэлі гупышхуэ зэрызэдежьэнурщ.**

ЕВРОПЭМ и бгы нэхъ лъагэ дыдэм кІэрыхьэнущ Урысейм, Белоруссием, Украинэм, Куржым, Японием, нэгуэщІ къэралхэми я лІыкІуэ 50-м щІигъу.

Іуащхьэмахуэ лъапэ а махуэхэм къыщызэрагъэпэщыну Іуэхугъуэфіхэм щыщІ зыуэ щытынущ «Альпинизмэм и школ» проектри зэрылажьэнур: Урысейм и бгы еджапІэ нэхъыщхьэм и Іэщ Іагъэлі цІэрыІуэхэм цІыхуэхэр хуагъэсэнущ бгыхэм зэрыдэкІыну Іэмалхэм.

«Эльбрусиада»-р кьыздзэрызэІуахьи ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхьэхьэр мэкъуауэгъуэм и 30-м Азау хуейм щрагъэкІуэкІынущ. Абы и кьыздзэгъэпэщакІуэщ Урысеймрэ КъБР-мрэ Альпинизмэмкіэ я федерацэхэмрэ Альпинизмэм и Евро-Азие зэгухьэныгъэмрэ, Урысейм Спортымкіэ и министерствэр я щІэгъэкъуэну.

**ХЬЭТЫКЪУЭ Щауапщэ.**

460

**Беслъэней пщышхуэ Къанокъуэ Мэшыкъуэ (1512 - 1561 гъгъ.)**

Адыгэхэм къащхьэщыжу урыс пащтыхым елъэІун папщІэ 1552 гъэм и щэкІуэгъуэ маззм Псыжь адрыщІ икІыу Мэзкуу кІуа лЫкІуэхэм я Іэтащхьэт Мэшыкъуэ. 1557 гъэм Урысейм и ЫалащхьэмІэпхъуэ, чыристан диныр къищтэри, полкым и пашэу Ливон зауэм (1558 - 1559) лЫгъэ щызэрихьащ.

Урысей дзэпщ Вишневецкий Дмитрий щІыгъуу Шэрджэс хэкум къагъэкІуэжауэ щытащ тыркухэмрэ кърым тэтэрхэмрэ ешуэн папщІэ (1560 - 1561) икІи абы щыхэкІуэдауэ къалытэ.

● Банк Іуэхухэр

# Зэрыщахуэ картэ мини 117-м щІигъу

**2017 гъэм и япэ мазитхум къриубыдэу Урысейм и Мэкъумэш банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ и къудамэм зэрыщахуэ карточкэ 50000-м щІигъу къыдигъэкІащ. Псори зэхэту цІыхухэм яІэ щІэль карточкэхэр мини 117-м щІегъу.**

АБЫХЭМ ящыщу нэхъыбэр, процент 74-р, цІыхухэм улахуэ къыізэрырат карточкэхэрщ. Улахуэ тынымкІэ филиалым и Іуэхутхьэбзэхэр иджыпсту кьагъэсэбэп Іуэхущ Іапіи 168-м, абыхэм ящыщу нэхъыбэр бюджет Іэнатіэщ.

Урысейм и Мэкъумэш банкым и картэхэр къызэІугъэсэбэпхэм я бжьгъэм зэрыхэхъуар къыдэкІуащ ахэр зыгъэлажьэ банкоматхэр республикэм и щІыналъэ зэрыщІэзыгъуавам. Иджыпсту къудамэм пыщІауэ щылэІущ банкомат 30-р электрон терминал 37-рэ. Абыхэм ящыщу 21-р республикэм и сату-сервис Іуэхущ Іанльэхэм щІэтщ.

«Урысейм и Мэкъумэш банкым и улахуэ проектым хэтхэм Іэмал яІэщ льготэ зиІэ щІыхуэхэр кьащтэну. Апхуэдэхэм кьрат кредитхэм техьэну процентхэр нэхъ мащІэщ, банкым дэмылажьэхэм йим нэхърэ», - къыхигъэщащ Урысейм и Мэкъумэш банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ Юсупов Асльэн.

*Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Іэнатіэм епха Іуэхущ Іапіэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэнымкІэ лъабжьэ бидзащ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къызэрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи ноба ятьІутэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъэщхэм, зи Іуэхуэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзыни зыбгъэдэль нэхъ банкыщхьэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я проценти 100-ри къэрал мылъкущ.*

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# 1941 Апхуэдэ гуэзвэгъуэ зэи къремыхъуж 1945

## Дэнэ и псэр щитар?

Яхэгуауэ Жылэбий

**«Хьыбарыншэу кIуэдащ...», - унагъуэ дапщэ и псалъэ жагъуэхэм игъэгуIар? Дапщэм и дунейр къатеункIыбфIа? Зауэм къимыкIыжахэм я Iыхьлыхэм, благъэхэм, я щIэблэм нобэр къыздэсым яхуегъэхьыркъым 40 гъэхэм къаIэрыхьа тхылъымпIэ кIапэм ита а псалъэ гущIыхьэхэр.**

АПХУЭДЭ хьыбар къызыхуэкIуа унагъуэхэм ящыщ зыт Зэрэгъыжь дэса Яхэгуауэ Тешар и унагъуэри. Абы и щIалэ Жылэбий, и тхылъымпIэхэр зэхагъэзэрыхьри, къуажэ школыр къиуха къудейуэ, и ныбжь иримыкъуауэ дзэ къулыкъым ираджащ. Ятэщ ныкIа Къэзан яшэри связь Iуэхум щыхурагъэджащ, итIанэ и къулыкъум пищэну Львов ягъэкIуащ. Ар зыкъуэзэр 1941 гъэм и пэщIэдзэкэрт. Абы щыгъуэ и анэдзалъхум кьитха письмоитIыр ноби ехьумэ Сокъурэ я нысэ, Бэджий Лиуэза ипхъу Полэ. Зыр Жылэбий зыхуитхар и шыпхъурт, Лиуэзат. Адрейр и къуэшым, Барэсбий. Зыр тетрадь напэм, адрейр тетрадь жинтым тритхэри къахуигъэхьат кьыдалъхуахэм. Письмохэм ятелъщ зэманым и нэпкъыжьэ - ныкъуэтекIыж хъуахэщ, ауэ абыхэм ухьеджа нэужь, Жылэбий умыцIыхуами, уи фIэщ мэхьу ар щIалэ гумащIэу, псэ къабзэу зэрыщытар, и гур и Iыхьлыхэм, и жылэжьымкIэ зэрыщIар, къахуэззэщу кьиззэрекIуэкIар.

«Шыпхъуфl письмо, - дыкъыщоджэ Жылэбий и ятэ тхыгъэм.- Ятэращи, сэлам гуапэ уэох. Сэлам нэужьым уи узынщагъэм бидзу сыныщIоупщIэ. Сэ укъыщIэупщIэмэ, фэ фызэрызымыIъагъум нэхъ лажьэ сиIэхьи, Лиуэза дуней нэху цIыкIу. Сыуэзнышэщ, соджэ, радиомеханикыу къэзуухыщу. ФIы защIэу изогъэкIуэкI, сэ сызэхэт ротэм къытекIуэ мы щIыпIэм щыIэкъым. Лиуэза, дуней нэху, зикI, сэ щхьэкIэ фымыгузавэ, сыщеджэр фIыуэ къэзухьнщ. АдэкIэ, Лиуэза, фи жыгхэр дауэ щыт, мы гъэм къыпыкIэн хуэдэ? Ар зыщумыгъэгъупщэу къэтх. Ди анэри дауэ щыт, узынщэ? Лиуэза, пщыхьэпIэ гуэр слъэгъуащи, дэ тщыщу хэт сымаджкэр? Къэтх умыбзыщIу. Къуажэм вэныр яуха? Жылэ хальхьэрэ?».

1941 гъэм Жылэбий и къуэшым ихьхуитха письмом итщ мыпхуэдизу: «Барэсбий, си къуэшыжь, сигу ирихьыркъым мыбы жаIэр. Майм дежи щIадзэу Германыжьым езэуэну зэхъэзох, ихъуреягъыр зэщIещтэ, дэращ зэщIэр жаIэ ...»

Зауэр иуха нэужь, Жылэбий къэкIуэжыным, дауи, я гугъэр хахьжакъым и анэ Нащхъуи къыдалъхуахэми. Мыпхуэдэ щIыпIэм щыкъэкIуэдащ жаIэу тхылъымпIэ къащIэрымыхьакIэ, псэууэ къыкъуэкIыжьну пэплъэхэр:

- Дыдейхэм ягъэхъыбарыжу зэрызэхэхакIэ, зауэ нэужьым щIалитI къэкIуащ си анэдзалъхум и анэ - си анэшхуэ Нащхъуэ деж. Абыхэм зэрыжаIамкIэ, а тIур нэмыцэ лъэхъуэщым исащ Жылэбий я гъусэу. Гъэрхэр зыхъумэм яхэтт зы урыс, Ставрополь щыщыи, «мыпхуэдэ махуэм сыплыкIыщи, фыщIэзгъэпхъуэжынщ» къажреIэ. Жылэбий идакъым «нэмыцэм саубыдауэ, си напэр текIуэу дауэ абы иужькIэ сызэрыпсэужынур? Мыбы ис тхьэмыщкIэ къоми дауэ къэзгъэнэн? Сэ къысхуэныкъуэ яхэтщ абыхэм. СаукIмэ саукIащ, фэ фикIыж». Урысыбзэр зымыщIэхэм ядэIэпыкъурт ар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ си анэдзалъхур кьинауэ жаIэ пхъэхуэщIыпIэ.

Куэдрэ дыпIыхуэуащ абы, и Iуэхур зэрыхъуар хэтщIэн ди гугъэру. Иджыщ, мазэ зыбжанэ ипжIэщ и лъэужь дыщытехьар. «Мемориал» жыхуаIэм и сайтым ихьэри си щIалэм къыпIыхьуащ. И унэцIэри и щIэри тэмэму ямытхуэу къыгуэтащ. Ауэ нэмыцэхэм ятпэщIэхуэри, гъэрэщым исауи дгъэтакъым, - жаIэ Сокъур Полэ.

- Си анэшхуэм гъащIэфI къыгъэщIащ, илъэс 90-м щхьэдэхьихькIэ псэуащ, - пещэ Полэ.- И псэр хэкIын ГъунэгъуI хуъуэуэ пIэм здыхэлъпыIэм, Iэуэльауэ макъ зэхихамэ, и щхьэр кьиIэтыри, бжэмкIэ пIъэрт, и щIалэр къэкIуэж фIэщIу... Шэч IъэпкъкIыпIэсхьэрхьым си анэдзалъхур хэкупсэу зэрыщытам. Тхьэм ещIэ абы и псэр щитащ. Си гугъэмкIэ, а зэрысам псэууэ къикIагъэнукъым.

**МЫЗ Ахьмэд.**

**Илъэс пщыкIублкIэ уэрэIэбжкIыжмэ, 2000 гъэм мэкъуэгъуэм и 1-м «Кабардино-Балкарская правда» газетым къытредгъэдзауэ щытащ «Рукопись памяти» тхыгъэр. Абы къышцIытащ КъБР-м и Къэрал Архив. Нэхъыщхьэм и фондым щIэлъ ХьэкIуащэ Евгений и «Быль и новь селения Болатово (Болэтей)» Iэрытхъэм щыщхэр. Ар теухуауэ щытащ Терекскэ къуажэм щыщ, Хэку зауэшхуэм и зэманым зэмылъэ дохутырхэм медицинэ опытхэр къыгъэлъэпIэ Пщыбий (Павел) Езид и къуэм. Тхыгъэм щыщ пычыгъуэхэр къэтхьынщ:**

*«...Илъэс пщыкIух фIэкIа мыхъу Хьэпэ Пщыбий (Павел) нэмыцэхэм ирагъэшэча бэлыхьхэр къэIуэтэжыгъуэйщ. Ар Германием яхури, гъэрэхэм я гъусэу Шевцин станцым и казармэхэм щIыбыдащ. ПIалъэ дэкIа нэужь, «медицинэ» къэпщытэныгъэм ираджэри, Пщыбий нэгъуэщI щIыпIэ ягъэIэпэхъуащ. Ар сымаджэщым щIагъэгъуэлъхьащ. Абы щыIэт операцэ зэмылIэужьыгъуэу 35-рэ зращIыIа ермэлы Оники.*

*Адыгэ щIалэ узынщэм медицинэ опытхэр ирашIылIащ. ЯпэщIыкIэ Пщыбий и Iэпхъуамбэхэр паупщIащ... КIэщIу жыпIэмэ, нэмыцэ дохутыр «къэхутакIуэхэм» апхуэдэ операцэ 25-рэ адыгэ щIалэ лажьэншэм иращIылIащ. ЦIыхуэншагъэ опытхэр нэгъуэщI совет цIыхуэхэм драгъэкIуэкIащ.*

*Ар ГъэрманиемкIэ Iуэхум щыIэ щIыхь зэрыхьыжьыр, 1964 гъэ пщIондэ агроном нэхъыщхьэу колхозым щыIэжьащ, иужькIэ колхоз хадэм щыIащ. Абы къуищрэ пхъуитIрэ къыщIэхъуащ».*

ХЬЭПЭ Алик Пщыбий и къуэм и унагъуэ архивым щыхъыма хуэущ и адэм теухуауэ ХьэкIуащэ Евгений газетым къытырит гъэдэ щитха тхыгъэхэм ящыщ. КъыхэгъэщIапхъэщ ар мащIэу гъэкIэщIагъэ «Каждому - своё Бородино» фIэщыгъэм щIэту «Молот» газетым (Дон Iус Ростов къалэ) къызэрыщаухыжкар. А тхыгъэмкIэ зэхэдгъэкIащ Ростов областым къыщыдэкI «Правда» газетым и корреспондент Крюков Марлен Хьэпэ Пщыбий и гъусэу Налшык зауэ нэужь зэманым зэрыщеджар.

Пщыбий зызыгъэпIий цIыхуэхэм ящыщтэкъым. Уеблэмэ, и къуажэгъу балигъхэм яхэтт и Iэхэр зэрыфIэкIуэда щIыкIэр, нэмыцэ дохутырхэм къраха лейр зыхуэдэр зымыщIэхэр. И узынщагъэм теухуауэ и Iуэху зэIумыбзэхэр зэи утыку кьрихьэртэкъым, дэIэпыкъуэгъуи кьиIуныхъуэртэкъым, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр ягъэльапIэу иращIэкI зэхэхьэхэми хэтыну фIэфIтхъым. Ауэ, кьыдеджэ щIалэм «Правда» газетым къытрригъэдза и тхыгъэм и фIыгъэ-кIэ абы и гъащIэм гулъытэ къыхуащIу щIадзащ. Телевидеенм и лэжьакIуэхэр къуажэм къакIуэри абы теухуа нэтын трахащ. Лэжьыгъэр зыгъэхьэзырахэм ар къыщатыжынур Пщыбий къыжраIэну къащыгъупщащ. Унагъуэм иджыри кьыздэсым ящIэрыхьам: абы щыгъуэ траха нэтыныр къагъэльэгъуэжауэ пIэрэ?

Апхуэдэу Пщыбий и гъащIэм и къекIуэкIыкIар гъэщIэгъуэн щыхъуащ тхакIуэ икIи журналист Елгъэр Кашиф. Абы Хьэпэ къигъэуэтащ, «Ем и нэхейкIэ» очеркыр итхри, «Адыгэ псалъэ» газетым къытрригъэдзащ (Адыгэ псалъэ. 2007 гъ., мэкъуэгъуэм и 21, №120_ нэ). Ардыдэр зэрадзэкIыжри, «Кабардино-Балкарская правда» газетым ираташ. Елгъэрым и тхыгъэм щыщ пычыгъуэ фи пащхьэ идолъхьэ.

**МАМХЭГЪ Астемыр.**

## Ем и нэхейкIэ

ХЬЭПЭХЭ Езидрэ Джызэрэ жылэр зэхъуапсэм хуэдэ адыгэ унагъуэт. Я щIалищыр - Мухьэрбий, Пщыбий, Сэфарбий - зэдзууэ къэхъуут. Хьыджэбзищри ъхарзынт. Властыр ябя нэужь, ялэ дыдэ щIэныгъэ зыгъуэта адыгэлIэхэм ящыщти, Езид егъэджакIуэу лажьэрт. Джызэ сабийхэмрэ и щхьэгъусэмрэ ядилъагъу насыпым зыкIи блэхъуэпсыкIыртэкъым. Абы ищIэнрэ ишхынрэ унэм иригъэтэрт. ЩIэкIар къыщIэмыхьэжьи фIэщIу, тегужьеикIауэ бынхэм яхэст.

- Сэри 1934 гъэм ялэ классым сыкIуащ. Абы щыгъуэ ди адэр Терекскэм ирашри, Белоглинкэ школым и директору ягъэкIуат. «ДяпэкIэ гъащIэр зыуухуэнур, ар зыгъэIурыщIэнур цIыкIу еджакэращ. Ауэ щыхьыкIэ, си бынкэри яхэтын хуейщ абыхэм. Хэт емыджэмэ, и тхьэкIумэр тесчыщ», - жиIэрт си адэм. Псори дзгъэуэу екIуэкIырт. Ди псэукIэр дахэт. Ди адэр зыхуэмыдрэзы и бынхэм кьытхэттэкъым. Дызэпеуэу деджэрт, ди гуращхэр инт, ауэ узыщIэхьэпс псор кьохьулIэмэ, нэгъуэщI щыIэт. Инли цIыкIуми ди мурадыр кьыттекIутэжащ...

Советскэ властым хьэлэлу хуэлажьэ Хьэпэ Езид нэмыцэхэмрэ полицайхэмрэ хэрыгъэ щыщIащ. Унагъуэр гузэвэгъуэхэмкIыжьи. Езид мазэ кьэс ялъэфырт, кьалъэфыжьырт. Ажалыр бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ благъэщ, жи. Гузэвэгъуэри апхуэдэщ. Армыхъу жэщым я пIэ изэгъэжа бынунэм я адэр щхьэщачуэ нэху кьекIыну хэт и гугъэнт? Пэжщ, псори пэплъэрт а гузэвэгъуэм. Ауэ а жэщ дыдэм кьалъэсыну ягугъакIым. Арати, Езидыр дашри бзэхащ. ЩIалэ нэхьхьжьыр - Мухьэрбий - зауэм щыIэщ. Джызэ сабиитхум кьахэнащ. Мэл гуартэм хэлъэда дыгужьым зы псэ хиудкIэ зигъэнщIрэ? Езид даша щхьэкIэ, бийр пыIэркъым. Хьэпэхэ я унэм гущыхуэкIэ кьыртратхащ: «N920».

- Абы къикIыр кьыщыгурыIуар зыбжанэ дэкIа нэужьщ. Дызэрыкоммунист быныр кьыхагъэбелджылыкIауэ ягъэкIуат. 1943 гъэм и щIышлэм, сыдахуным и пэкIэ, сэ кьызатауэ щытащ «N920» жиIэу ЗорыIт тхылъ гуэр. Ар щысIаохъжьарэ Шевцин кьалэм дынэса нэужькIэщ. СызэрыкоммунистыкIуэм щхьэкIэ кьызащIэнумкIэ зэрыхуитым и дамыгъэ зыкъыстрадзауэ арат ар...

1943 гъэм и щIымахуэ жэщым Белоглинкэ дахуэ щIалэ щIыкIум гъэгуанэ хьэлэ зэпичащ. Зи щхьэр зи лажьэу кьэна нэмыцэхэм зауэм гъэру щауфыда сэлэтхэмрэ щIалэгъуэлэмрэ зыкIи кьафIэIуэхутэкъым.

- Гъэугум ди фэм щыдэкIам ущIэмыпущIэ. КьыщыкIуэм щыщ зарамыкIэм яуфэжьати, гъэгубгъуэхэр иджыри зэрыджафэт. ЦIыхуэм ябгъэдэлъыжьIатэкъым, нэмыцэхэм яшхын ягъуэтыжьыртэкъым. Абы дэ дакъыдфIэIуэхужьнт? Хьэуи дыкърадзэжьртэкъым. ЩIакъуэ фIыцIэ IэпэщIэзэрэ псы щыIэ крушкIэрэ фIэкIа щхьэнгъуэ дитIэтэкъым. Шхынри щхьэщIыбыдыдигъэдзэжауэ цIэм псэупIэ кьидитыжьыхэртэкъым. Абы щыгъуэ тшэчамрэ ди нэгу щIэкIамрэ тщыыгъэгъуупщэжьи дыхуэзэну си гуГъакъым. Ауэ ар хьэдрыхэ пьэмыжу кьыщIэкIаш. АдэкIэт хьэдрыхэ дыдэр кьыщытпэплъэр...

Гу щIагъым щIилъэфа жыгыщIэ цIыкIур кьызэфIэбгъэувэжрэ зыхуей хуэбгъэззэжмэ, псынщIэ дыдэу зеукъуэдиж. АтIэми, гъатхэзэм деж. Зи ныбжьыр илъэс 16-м нэмысса Пщыбий гъэугум щиIэна хьэзадэ псори тхьэмахуитIым кьриубыдэу щыгъупщащэ. Зыхуихьынымрэ зэрригъэIэгъэунымрэ имыщIэу и Iуэхур фIы хуэщ. «Нэмыцэхэри апхуэдэу гущIэгъуншэу кьыщIэкIынкъым. Гъэугум дыщымэжлIащ, гугъу дыщхьэкIащи, иджы зыдагъэгъэпсэхуж. Мыпхуэдэу тIэкIу зыкъэзэужьжьауэ ди дей сыкIуэжамэ сехъуIат. Армыхъу, «мыр слIо, Пщыбий, хьэпIащIэ иримыщIыну уагъэгъуауи», - кьыхэжаIэурэ щIалэ цIыкIухэм сагъэпсэунукъым. Абы жаIэм щхьэкIэ Iейуэ сыгуэзвэнтэкъым. Зэ сыкIуэжащэрэт. Ди Зид псэууэ пIэрэ? Дунейм дэнэу пIэрэ ар здахьар? Зид дашамэ, Мухьэрбий зауэм щыIэмэ, сэри мыбы сыкъашамэ, Джызэ и закъуэ адрейхэр дауэ зэрихьэну? А джыдэ мыгъуэ, сэ зэ згъэзэжащэрэт, си Iуэхут Джызэ дэIэпыкъуэгъу сыхуэмыхутэми. Хадэ щIэгъуэщ. Сагъэхьужьну ягуГъэу арамэ, уэлэхь, сэ лажьэ сымыIэт. Мы сымаджэщыми сыщIагъэкIыж хьунутэм», - щIалэ цIыкIур Iэджэм йогупсыс, фы фIэкIа Iей лъэпкъ иту къэмыкIыу.

- Апхуэдэурэ тхьэмахуитIыр дэкIащ. Хьунт иджы сызэрэIыгъар, кьыскухуащIамкIи сыарэзыт, сатуIтыпщыжами сыкIуэжьфынт жысIэу екIуэкIыурэ... АрщхьэкIэ зэрашхыжьнум хуагъашхэ гуэгушыхъум хуэдэу сыкъыщIэкIащ... Дохутырхэм сраджэщ, сызэпаплъыхьщ, сыкъэпащ, сащэри сыкъыщIрагъэшыжащ. Абы жаIэмра я гугъэмрэ сэ сыткIэ сщIэнт? СыщIутхуэупсэм «ИванкIэ», кьыщыгубжьым «партизанкIэ» дызэрашэу арати: «Карош, Иван», - жиIэри кьыстеуIащ дохутырыр. Ар илъэс плIыщIрэ зыщIплъым зи ныбжьыр нэс лIы гъур кIыхь гуэрт. Сырыхут, натIэшхэт, фагъуэт. Зы Iэзу бэлыхь гуэрым иригузавэ хуэдэу, и нэщхъыр зэхэуфа зэпытт. А махуэм иужькIэ си нэ щIэту сыIуплъэжьфащ. Ажалым уIуплъэнт? Апхуэдэ. АтIэ, арати, сыкъыщIащIжащ. Ауэ иджыри кьэс сызыщIэсам сыкъыщIашэжакъым. НэгъуэщI пэш сашащ. Сагъэтгъуэлъри сестрахэр щIэкIыжащ. НэгъуэщI зы гъуэлъыпIи щIэтти, и щхьэр зэщIэпхауэ абы зылI илът. Дунейм мы сыкладжэр щхьэ гъуэз хьэкIуащIа? Сэ зыри си лажьэкъым. Апхуэдизу гущIэгъулыуэ пIэрэ мы нэмыцэхэр? Согупсысэ, согузавэ...

-Угъэруэри?-зищхьэрфIэпхьыкIар щIалэ цIыкIум къоупщI.

Хьэуэ. Сэ Кавказым сыкъарахуащ, - жаIэ Пщыбий.

- Кавказым жыпIа? - лIыр кьызэфIотIысхьэ. - АтIэ, уэрэ сэрэ дызэхэкуэгъущ. Сэ Армениемрэ сыщыщщ, сыермэлыщ. Еу-уей, къарыпI, мыбы дауэ укъыщIэухуэ?

- СщIэркъым. Дохутырым сыкъыщIгъэгъэпхьыжа.

- «Дохутырым»... Дохутыр ар? ЛIыкIщ. Хэт жыпIа уи цIэр?

- Пщыбий...

- АтIэ, Шими, сэ Оникщ си цIэр, уэрэ сэрэ ди тхьэмыщкIагъэр зыщ. Ауэ кьызжиIакъым жумыIэж, умыдзыжэ. Мыбы уэ Iэджэ уи нэгу щыщIагъэкIынщ. Ауэ псоми ятекIуэф. Дызэбгъэсхэ цIыкIущ. Бэзэчу, лIыгъэ тхэлъу закъедгъэлъагъун хуейщ. КьыбгурыIуа? Мы сэ къызащIар плъагъурэ? - жеIэри лIым и Iупэ щIыкIу нэщIыр щIалэ цIыкIум кърегъэлъагъу. Пщыбий и щIыфэр мэтхытх, гузэвэгъуэм зэщIеубыда. Сымаджэщым зэрыщIэлъа тхьэмахуитIым къыкIэрыпщIа тIэкIур а зы жэщым мэткIуж. Нэху къокIри, щIалэр щIах, носилкэм тельу. Оник зыкъеIэтри:

- Шими, мыдэ сэлам зэдгъэхьаж. Хэт ищIэрэ... - жеIэ.

Си IэпхъуамбэхэмкIэ быдзу скъуэу иужь дыдэу сэлам зэсхьжар аращ...

Операцэ щащI пэшырщ. ЦIыхуэхэр зэблож. Дохутырхэр зэрызохьэ. АдэкIэ щыс цIыхубзитIми щIэчэ ямыIэу машинкэм тхылъымпIэр щIагъэкIыпь. Къэхуэри къращIэнури зымыщIэ щIалэ цIыкIур мэкIэзызэри стIолым тельщ. Зыгуэрым зигъэхъеиху кьощтэ. И нэгум уэздыгъэ зэрамыщIэжыр кьредзэ. Мастэ кьыхяIу.

- Бжэт, - жеIэ тэрмэшым. ЩIалэ цIыкIур мастэм игъэудгъэхуэщи, и нэхэр хуэдэжауэ щыIэщ.

- Бжэт, бжеIакъэ?!

- Зы... тIу... щы... плIы... тху... х-х... - Iурехри мы дуней зэрызехьэм хэджэл. Суэрэттехи дохутыри илъагъуэкIыжьым. Пулеметым хуэдэу кьызэрыпсыпIэ машинкээри дагу хъуащ. ЩIым зиубыжащ...

Дуней псор Iугъуэмэ гъуэзымрэ щIагъэнащ. Зауэм зэщIищтащ. Мис уафэр - унащхьэр - лъахъшэ къэхъуащ. Дыгъэм - уэздыгъэшхуэм - лъыпсыр кьыпоткIу. Псэхэхэр зэхэзохъ. ПсомкIи I гъбжьанэр пылъыкIауэ зэхэтщ, блэ щэрэзым хуэдэу я Iэпхъуамбзкэр зэкIэщIопIие. ЦIыхуэр ажалым щызыхъумэну зи кьалэн дохутырхэм щIалэ цIыкIур зэхафэщIэ. И лыр щIынэу кьыпатхъ. И Iэпхъуамбэ цIынэкэр кьыпаргъэпкI. ПIынтхуэ кIапэр пIэлжьажьэу фIатхьэлыкI: абы итIанэ хуеижьнухэщ. Абыкъэ аргуэру щIалэ цIыкIум и гущIэ кьуэпсыр кьыщIатхьынущ.

Iуэхушхуэ илэжьащ «дохутырым»: фIыуэ ильагъу хъыджэбз цIыкIум и Iэпэ зымыбыда щIалэм и Iэпхъуамбипщ1ыр пихащ. Абы дяпэкIэ игъащIэкIэ цIыхум сэлам ирихьжьфынукъым. ИгъащIэкIэ и бын и щхьэ Iэ дилъэжьыфынукъым. ИгъащIэкIэ «си Iэмыщ1э из» жиIэжьнукъым. Ауэ зи напэри зи цIыхуэзэрэ зыщIэпIыжа фашизмэм зэрызигъэкъэбзэжьнури а щIалэ цIыкIум кьримытыну псырщ - абы и Iэпхъуамбипщ1ым кьыпыж ГъырщI. Дохутырым кIэтIийнэфыр зэрыпиупщI, кIуэцI уэзыр кьызэрырих сэ цIыкIур Iэщ1эльу щытщ дохутыр фащэ зэпытщIэльъэда псэкэхэр. Абы мурад фIей иIэщ. ЦIыхуэгъэ игъэкIуэдыну, дунейм кьэщхьэрыпсу фIэкIа кьытримынэну аращ и мурадыр...

**ЕЛГЪЭР Кашиф.**

## Леишхуэ кърахами, гущIэгъуншэу яхущытакъым

**1941 гъэм и мэкъуэгъэгъуэм и 22-р ди къэралым и тхыдэм напэкIуэцI фIыцIэу къыхэнащ. Хьэ щэхурыпхъэм хуэдэу зыкъыдэри, Гитлер ди къэралым пщэдджыжь нэмэзым къытеуат. Апхуэдэу щIидзащ махуэ 1418-кIэ екIуэкIа Хэку зауэшхуэм, ди цIыхуу мелуан 27-м нэс зыхэкIуэда а зауэ гущIэгъуншэм. «Военно-исторический журнал»-м 1991 гъэм къыдэкIа и 10-нэ номерым зэрыщытхамкIэ, фашистхэм зэхэкъутащ кьалэу, абыхэм инагъкIэ екъэхэуэ жылэу 1700-рэ, къуажэу мин 70, заводэу фабрикэу мин 32-рэ, колхозу мин 98-рэ, совхозу 1876-рэ.**

ЗАУЭР зылъэмыIэса, абы бэлыхьрэ гуэзвэгъуэрэ химыдза унагъуэ щымыIэми ярейц. Абы зэкIэщIачащ зэщхьэгъуэсэхэр, зи насыпкъэIэгъуэ ныбжьыщIэхэр, бынышIэ ищIащ адэ-анэ куэд, «зеинш»», «фызабэ» цIэ дыджкэр яфIищащ цIыху мелуанхэм. Бий гущIэгъуншэм цIыху лажьэншэу дапщэ Iэщ1экIуэда, псэ дапщэ игъэна, мащэ куухэм цIыху дапщэм я хьэдэ ирадзэжа? Абыхэм ящыщщ Нашыкъ къаIэкIэм щыщIатIэжауэ щыта цIыху 600-м нэсым я кхъащхьэр. Гъэру яубыду нэмыцэIуэхэм ирагъэIыхьа кьомыр-щэ? Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа ЩоджэнцыкIу Алий, уэрэдус Къэжэр Индрис, еджагъэшхуэ, генерал-лейтенант Карбышев Дмитрий, усакIуэ цIэрыIуэ Джаليль Муса, Сталиным и къуэ нэхъыжьэ Джугашвили Яков сымэ, нэгъуэщI куэдми а насыпышагъэр къащIащIащ.

Уи гур ящIэмыIуэу къанэрэкъым фашистхэм укIыкIейуэ яуклА, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Кошевой Олег, Громовэ Ульянэ, Земнухов Иван, Шевцовэ Любовь, Тюленин Сергей, Космодемьянская Зое сымэ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс 17 - 20 ирикъуа къэралым и Iуэху бгъэдэлъхьэкIэтэкъым. Дунейпсо хабзэм ткIийуэ тет Совет Союзым и напэм къыхуигъэтIэсакъым нэмыцэ офицерхэр зыщIэс пэшым мафIэ щIидзэну зиГъэхьэзыр пэтрэ, ар биим яригъэзыбудащ щIыпIэм щыщ полицайм. Зое удынышхуэ тралъхьащ, лъапцIэрэ пцIанэу жыхуиIэм хуэдэу уэсым къыщрахуэкIащ. ИужькIэ щхьэпылъапIэм ирашIлащ, «Поджигатель» жиIэу зытет пхъэбгъу щIыкIур и пащэм пщIэхэпу. И щхьэкIупалъэми, къэдзыхакъым бзылъхъгъэ щIыкIур. «Дэ псори дыпыфIэфынукъым! Дэ мелуани 170-рэ дохъу! Сэ си гъэр абыхэм ящIэжынщ!..» - псалъэхэм фIэкIа жимыIэу, абы и лъакъуэм щIадащ зытрагъэува ашычыр. И пащэм щадза кIапсэ кьурэм зишэщIащ, абы и кьурмэжьэр питхьэлыкIыу». - И тхылъым хьджэбз хахуэм апхуэдэу щытопсэлъыхьыж профессор, тхыдэдж Мединский Владимир.

Дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ тхылъхэм къазэрыхьащIыжыкIэ, Космодемьянскэм и хьэдэр мазэм нэблагъэкIэ Iапсэм фIэлъащ, и благъэ-Iыхьлыхэм кьыфIэрыпсэхьажу.

Сымэ, нэгъуэщI куэдми а насыпышагъэр къащIащIащ.

Уи гур ящIэмыIуэу къанэрэкъым фашистхэм укIыкIейуэ яуклА, Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Кошевой Олег, Громовэ Ульянэ, Земнухов Иван, Шевцовэ Любовь, Тюленин Сергей, Космодемьянская Зое сымэ. Абыхэм я ныбжьыр илъэс 17 - 20 ирикъуа къэралым и Iуэху бгъэдэлъхьэкIэтэкъым. Дунейпсо хабзэм ткIийуэ тет Совет Союзым и напэм къыхуигъэтIэсакъым нэмыцэ офицерхэр зыщIэс пэшым мафIэ щIидзэну зиГъэхьэзыр пэтрэ, ар биим яригъэзыбудащ щIыпIэм щыщ полицайм. Зое удынышхуэ тралъхьащ, лъапцIэрэ пцIанэу жыхуиIэм хуэдэу уэсым къыщрахуэкIащ. ИужькIэ щхьэпылъапIэм ирашIлащ, «Поджигатель» жиIэу зытет пхъэбгъу щIыкIур и пащэм щадза кIапсэ кьурэм зишэщIащ, абы и кьурмэжьэр питхьэлыкIыу». И тхылъым хьджэбз хахуэм апхуэдэу щытопсэлъыхьыж профессор, тхыдэдж Мединский Владимир.

Дэфтэр хъумапIэхэм щIэлъ тхылъхэм къазэрыхьащIыжыкIэ, Космодемьянскэм и хьэдэр мазэм нэблагъэкIэ Iапсэм фIэлъащ, и благъэ-Iыхьлыхэм кьыфIэрыпсэхьажу.

Бий бзаджэм зэрихьа апхуэдэ хьэкIэкхъуэкIагъэхэр и гум темыхуэу, совет тхакIуэ икIи журналист Эренбург Илья 1942 гъэм итхыгъащ: «Дэ къыдгурыIуащ нэмыцэхэр цIыхуу зэрыщымытыр. Иджы щIыщIэдзауэ абыхэм нэпат ехьн хуейщ. Нэмыцэр ук!!» Мы псалъэхэр цIыху губжьам и Iуэху епIыкIэ щхьэхуэу арат, армыхъумэ къаралым и Iуэху бгъэдэлъхьэкIэтэкъым. Дунейпсо хабзэм ткIийуэ тет Совет Союзым и напэм къыхуигъэтIэсакъым нэмыцэ лъэпкъыи, абы ящыщуи, нэгъуэщI лъэпкъхэми къаxэкIауэ (румынхэм, мэжэрхэм, полякхэм, чеххэм, итальянецхэм) кьезауэ биихэми апхуэдэ залымыгъэ ярихьну, абыхэм хьэкIэкхъуэкIэм хуэдэу яхущытыну.

Шэч хэмылъу, гугъущ зауэ хьэлъэр екIуэкIыну гъэрхэр ерыскъыкIэ, дохутыр дэIэпыкъуныгъэкIэ кьыхэзгъэпэщIэну, арщхьэкIэ ди къэралым ар хуэзэфIэкIащ. СССР-м и Совнаркомым, НКВД-м кьыдагъэкIа унафэ щхьэхуэхэм кьыщыгъэльэгъуэ мардэхэм якъ иткIэ, гъэру яубыда цIыху 4126964-р ягъэшхащ. Дэфтэрхэм кьызэрыщыгъэльэгъуэмкIэ, абыхэм ящыщ зы цIыхуэ хуэзэу махуэм ирагъэт щIакъуэгъу грамм 600, кIэрIофу - 400, лыуэ - 30, бдзэжьейуэ - 50, курпIэуэ - 70, жэгундзу - 50, макарону - 10, кьэбыстэфIэIыу - 100 хуэздзэ. НэхъыжьыфIхэм ящIэж апхуэдизэ ерыскъы зауэ зэманым ди совет цIыхуэхэм пщыкъэпIэуи зэрамылъэгъуар.

Дауи, гъэрхэр шэщIауэ ягъэлажьэрт, зэкъаухуэ унэхэр, гъэугухэр, лъэмыжхэр ирагъэщIыжу. ЗэрыкIэжьмкIэ, Налшык кьыдыхьэпIэм деж ЩхьэлыкIуэпсым телъауэ щыта лъэмыжкэр зэмыщэ, румын сэлэт гъэрхэм ирагъэщIыжырт, «Ткъутащи, дощIыж» псалъэхэр зытетха щэкI кIапэр я Iэблэм ищIауэ.

Къаралым зыщигъэгъупщакъым гъэрхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етынри, еблэмэ дунейм Iуэхуэр зэрыщыщытым теухуа псалъэмакъэхэр драгъэкIуэкIынри, совет кинофильмхэм щрагъэпIыи кьыхэхуэу.

Къиубыда гъэр псоми я гъащIэр ихьумэфакъым ди къэралым. Абыхэм ящыщу мин 580-м нэс лIащ, абыхэм я нэхъыбэр уIэгъэмрэ уз зэмылIэужьыгъуэхэмрэ яхьащ. КIынэмыщIауэ, Сталинград деж гъэр щыхъуа бий зауэлI куэд уаем исащ.

Ди къэралыр гущIэгъу хэлъу яхущытащ Германием щыпсэу щIыхьэмэ, щIыхьэмэ гъэр кьахьу абы кьыщыззтеуыIа нэужь. Геббельс деж къыщыгъэжьауэ нобэр кьызэдэсым Кьухьэпэм щыщ язынныкъуэ «щIэныгъэлIхэмрэ» журналистхэмрэ ягъэIу совет зауэлIхэм Германием щIэпхъаджагъэ куэд щызэрахьауэ, бзылъхугъэ куэдым лей ирахауэ. Апхуэдэ зыгуэри щыIагъэнщ, арщхьэкIэ ди зауэлIхэр фIыуэ щIыгъаззт Сталиным 1945 гъэм и щIышылэм кьыдигъэкIауэ щыта унафэмэ, абы куэд ебэкъуакъым. Унафэм итт совет зауэлIхэм кьаубыда щIылалъэхэм лей лъэпкъ щыщ зарамыкIэм, цIыхубзм зыгъаззт Сталиным 1945 гъэм и щIышылэм кьыдигъэкIауэ щыта унафэмэ, абы куэд ебэкъуакъым. Унафэм итт совет зауэлIхэм кьаубыда щIылалъэхэм лей лъэпкъ щыщ зарамыкIэм, цIыхубзм зыгъаззт Сталиным 1945 гъэм и щIышылэм кьыдигъэкIауэ щыта унафэмэ, абы куэд ебэкъуакъым. «Апхуэдэ кьуаншагъэ зылэжьым, зауэ зэманым и хабзэм тету, тезыр ткIий тетлъхьэнщ. КьимыдэкIэ, кьздзэуа щIылалъэм щыпсэу бзылъхугъэхэм лей езыхьр укIын хуейщ», - кьыхэгъэщат а дэфтэрым.

Апхуэдэ Iуэхугъуэхэм теухуат Ставкэм и Командованэ нэхъыщхьэм 1945 гъэм и мэлыжьыкъыщи щыдигъэкIа унафэри. «Гъэр хъуа нэмыцэхэми кьызэрыгуэкI цIыхуэхэми мыхъумыщIэу фахущымыт. ГъэрщIэгъуншэу убгъэдыхьэмэ, нэмыцэхэр гужьеинущ икIи нэхъ ткIийуэ зыкъытпэщIасэнущ... Абы ди сэбэп хуэхьэзырыгъуэ. Ар Германием и щIылалъэ кьаубыдахэм нэмыцэ ашэмитрацэхэр кьыщыщэгъэпэщIын икIи абыхэм я Iэтащхьэу нэмыцэ лъэпкъым кьыхэкIа цIыху гъуэвын хуейуэ.

Аращ. Сыти жыIэ: зауэр гущIэгъуншэми, абыи щабгъэ гъэр хэлъын хуейщ. Дунейпсо хабзэм апхуэдэу кьеIуэуэ.

**ЛIЫГЪУР Чэрим.**

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

## Абы куэд топсэлъыхь

**Урысейм Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министерствэр дяпэкІэ кІэлъыплъынущ фэтэр куэду зэхэт унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр щыналъхэм зэрыщекІуэкІ щыкІэм. Абы теухуауэ ягъэхьэзырад министерствэм хуэфащэн хуитыныгъэ кьеэзыт дзтфэрхэм я проектхэр. Иджы кІэлъыплъынущ щыхуэхэм зэхуахьэс ахъшэхэм я бжыгъэм, лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІ щыкІэм. Щыналъхэм щагъэува пщІэр кьемызэгъэшу кьалъытэмэ, абыхэм чэнджэщ иратынущ уасэр яхуэжьын зэрыхуеймкІэ. КъищынэмыщІауэ, кІэлъыплъынущ мылъку зэхуахьэсар пІалъэ хэхам кьриубыдэу икІи зэрыхуэфащэнкІэ къыззрагъэсэбэпым.**

МИНИСТЕРСТВЭМ и пресс-Іэнатіэм зэрыщыжаІамкІэ, зэхъуэкІыныгъэхэм и проект ягъэхьэзырахэм я фІыгъэкІэ дяпэкІэ Іэмал щыІэнущ программэм кьиГъэув лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым, абыхэм я фІагъым, мылъкур здэкІуапхъэм зэрыхуаутыпщам зэпымыууэ я нэІэ трагъэтыну.

- Фэтэр куэду зэхэт унэхэр кьызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжьыным и программэм кьиГъэув мардэхэр къэпщытэным кьищынэмыщІауэ, министерствэр кІэлъыплъынущ цІыкІуэм халъхь я ахъшэр зыхуэдизми - ар лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыфын мылъку кьызыхкІыу, абы кьыдэкІуэуи цІыкІуэр зыпэлъэщынущ щытыпхъэщ, - кьыщыхагъэщащ пресс-Іэнатіэм.

Унафэм ипкъ иткІэ, капремонтым щІат пщІэр щІыналъэм и щІыпІэ самоуправлензэхэм щагъэув езыхэр зэрыхуейм хуэдэу. Абы кьыдэкІуэу, Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ министерствэм кьиГъэльэГъауэ ар зэрызэхагъэувэ щыкІэр - ахьшэу халъхьэнур щІыналъэм щыпсэуэхэм кьахэхъуэ мылъкум ельытауэ кьабжьин хуейщ.

- Шэч хэмылъу, къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм программэм щІат пщІэм зэщхьэщыкІыныгъэшхэр щІэфынущ, ауэ зэпэгъунэгъу щІыпІэхэм а бжыгъэр куэдкІэ щызэщхьэщыкІ хъунукъым. Дэ щІыналъэхэр щІэх-щІэхьыурэ кьыдопщытэ. ЦІыхухэм щІат пщІэр куэдыГуэ е мащІэІуэу кьэтлъытэмэ, щыпІэ унафэщІхэм тхыгъэ кьаІэрыхьэнущ уасэр зэпІэзэрыт щІыжьын зэрыхуейм теухуауэ, - щхьэІащ министерствэм.

КІэлъыплъыныгъэм кьыдэкІуэу я нэІэ щІэтынущ кьызыхуэтыншэу унэхэр зэрагъэпэщыжьын папщІэ зэхуахьэса мылъкур икІэщыпІэкІэ икІи здэкІуапхъэм зэрыкІуэнур.

Зи гугъу тщІы программэм лэжьэн щІидзащ 2014 гъэм.

- Сыт хуэдэ унафэри зэрагъэзэщІэну Іэмалыр щаубзыхур илъэс зыбжанэ дэкІа нэужьщ. Илъэсищым кьриубыдэу наІуэ хъуащ а Іуэхур зэрекІуэкІым нэхъ ткІииІуэу кІэлъыплъыным теухуауэ зэхъуэкІынныгъэ гуэркІэр абы хэлъхьэн зэрыкІуэйр. Кьэралым и гъэзэщІакІуэ органыр кІэлъыплъпхъэщ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІымрэ тарифхэм я зэхэгъуэвэкІэмрэ. ЖКХ-м къэпщытэныгъэхэр зэи куэдыІуэ щыхъунукъым, - кьелъытэ УФ-м и Жылагъуэ палатэм щІыпІэ самоуправлензэм зегъэужьныимрэ ЖКХ-мкІэ и комиссэм и тхьэмадзэм и пІэ куэдзэ Кирьянов Артём.

Къэрал Думэм Псэупіэ политикамрэ ЖКХ-мкІэ и комитетым и унафэщІым и пІэ куэдзэ Сидякин Александр ягу кьигъэкІыжащ ятыну пщІэр зэрагъэув мардэу щІыналъэхэм хуагъэувамкІэ Минстройм абы зэхъуэкІныгъэ зэрыхилъхьар.

- Дапхуэдэу щытми, министерствэр кІэлъоплъ уасэхэм я инагъымрэ ахэр здэкІуапхъэхэмрэ. Чэнджэщ къаІэрыхьахэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныр кьеІэзэгъэ кьудейкьым, атІэ Іэмалыншагъэщ, и чэзум уригъуэзэн щхьэкІэ, - кьелъытэ депутатым.

А псоми къадэкІуэу, абы жиІащ, программэм халъхьэ пщІэр зыхуэдизым хуейр щІыналъэхэм я пІэкІэ бгъэувыныр зэрымыгэмэныр, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ар кьыщабжкІэ щІыпІэм и щхьэхуэныгъэхэр, фэтэр куэду зэхэт псэупІэхэм я щытыкІэр, абыхэм кьэралым дэІэпыкъуныгъэ кьаІэрыхьэр кьэпытапхъэщ.

Кьызызэтынышэу зэгъэпэщыжьыным щхьэкІэ щІат пщІэр 1 метр зэбгъуэзнатІэм хуэзэу ди кьэралым соми 3-м кьыщыщІэдзауэ сом 30-м щыноблагъэ. Абы кьыдэкІуэуи, зэгъунэгъу щыналъэхэм щагъэува уасэр куэдкІэ зэщхьэщыкІыкІкІэ хъунущ. Псалъэм папщІэ, Санкт-Петербург нэхъ мащІэ дыдэу щат пщІэр 1 метр зэбгъуэзнатІэм хуэзэу соми 3 щхэу, Ленинград областым щат соми 5,5-рэ. Мэзкъу кьалэм программэм нэхъ мащІэ дыдэу халъхьэ пщІэр 1 метр зэбгъуэзнатІэм хуэзэу сом 17-м щыноблагъэ, Мэзкъу областым абы щытехуэр соми 8,65-рэщ.

УФ-м Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкІэ и министерствэм кьыщыхьэ бжыгъэхэм ятепщІыкІмэ, 2016 гъэм щыІэ хэлъхьэныгъэхэр процент 85-м щІигъуащ. Нэгьабэ и дыгъэгъаззэ мазэм и кІэм ирихьэлІэу кьызызэтынышэу зэрагъэпэщыжащ цІыху мелуани 9,2-р щыпсэу, фэтэр куэду зэхэт унэ 71221-рэ.

**ЧЕРНЫШОВ Павел.**
*«РИА» хъыбарегъащІэ Іэнатіэ.*

# Сабий узыншэ щымыІэу къалъытэ

● Абы дегъэпІейтей

**Ялп классхэм щеджэ сабийхэм я проценти 4,3-р узынщэу щытмэ, епщыкІуэнэ классхэм щІэсхэм апхуэдэхэр яхэтыжьыхэрэкъым. Курыт еджапІэм зэрыщІэс лъэхъэнэм кьриубыдэу ныбжьыщІэхэм кьапкъохьэ лъатэ узыр, сколиозыр, я нэхэр зэІохьэ. УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я узыншагъэр хъумэнымкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым и Іэщіагъэлі Іэхэр апхуэдэ гупсысэм хуэхІуащ Мэзкъу и курыт школхэм щеджэхэм 2005 - 2015 гъэхэм драгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм я ужькІэ.**

«САБИЙХЭМ я узыншагъэр хъумэнымкІэ лъэпкъ щІэныгъэ-практикэ центрым» и лабораторэм и унафэщІ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор Рапопорт Иринэ зэрыжаІамкІэ, къэпщытэныгъэхэр драгъэкІуэкІащ Мэзкъу и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыІэ школиплІым щеджэ самый 426-м.

Илъэс 11-м кьриубыдэу, мэлыжьыхь мазэм ирихьэлІэу дохутырхэр кІэлъыплъащ еджапІэхэм екІуэлІэ сабийхэм. Абы кьызэщІиубыдэрт педиатр кІэлъыплъныгъэр, давлензр къэпщыныр, ортопед, офтальмолог, невролог, оториноларинголог, кардиолог дохутырхэм я къэпщытэныгъэхэр. КьищынэмыщІауэ, сабийхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ щІэупщІэныгъэхэр драгъэкІуэкІащ школакІуэхэм я узыншагъэр екІэкІуэным щхьэусыгъуэ хуэхъуфынум теухуауэ. Псори зэхэту дохутыр кІэлъыплъныгъэу мин 25-м щІигъум къагъэльэгъуэ-хэмрэ анкетэ мини 3,6-м кьыщыхьагъэмрэ кьапщытэкащ.

Абыхэм кьызэрагъэльэгъамкІэ, ялп классым щІэсхэм ящыщу І гупым - узынщэ дыдэхэм - хагъэхьащ къэпщытэныгъэхэр зыдрагъэкІуэкІа сабийхэм я проценти 4,3-р, ауэ курыт еджапІэр кьыщаухым апхуэдэхэр школакІуэхэм хагъуэтэжакъым. А лъэхъэнэм кьриубыдэу II гупым (узынщэхэм) хабжа сабийхэр, процент 44,4-р хъуурэ щытахэр, процент 34-м нэсу екащ. Абы кьыдэкІуэу нэхъыбэ хъуащ хроническэ узыфэ зыпкърыт сабийхэм я бжыгъэр (III, IV гупхэр).

2005 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2015 гъэ пщІондэ Іэпкъльэпкъым и лэжьэкІэм епха узыфэхэр процент 14,7-кІэ, къэхуина (хроническэ) узыфэхэр процент 52,8-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Ялп узыфэхэм ящыщу нэхъ зыныбгъуэхэр гулъынтхуэ, хъупщхьэхуэ системэхэрщ, зэрыбаеу органхэрщ, нерв, я узэкрщ. ЕтІуанэ узыфэ лІэужьыгъуэхэм ящыщу нэхъ узыгъэпІейтейхэр яэвэ, гастродуоденит, сколиоз узыфэхэрщ.

Рапопорт Иринэ къыдэзыхигъэщамкІэ, 1990 гъэхэм я пэщІэдзэмебгъапщэм, илъэс 25-м кьриубыдэу, школакІуэхэм я узыншагъэр хуэди 2,4-рэ - 2,7-кІэ нэхъ екІэкІуащ, къэхуина узыфэхэр процент 40 - 70-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Кьыхэгъэщыпхъэщи, щІэныгъэ щІрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэ-хэм а лъэхъэнэм сабийхэр зэрыщагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэм а лъэхъэнэм сабийхэр зэрыщагъэшхэр нэхъыкІэт иджыпсту нэхърэ.

- Зэпыу имыІэу хагъахъуэ щІэныгъэ бгъэдалъхъэн и мардэм, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэмрэ 9-нэ классыр кьыщаухкІэ ирагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэмрэ сабийхэр гужьеигъуэ щытыкІэм ирагъэувэ. ЩІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэм щыщыІа зэхъуэкІыныгъэхэри щколхэм я психологие климатми зэран хуэхъуащ. А псори зэхьхьэжри, сабийхэм кьалъытэкуэкІа психосоматикэ узыфэхэр нэхъыбэ хъуащ, - жиІащ профессорым.

Абы апхуэдэу кьыхиГъэщащ школым щыщеджэ зэманым кьриубыдэу щІалэ цІыкІуэр нэхъ сымаджэрилъэу зэрыщытыр. АрщхьэкІэ, 11-нэ классым ирихьэлІэу хъыджэбз цІыкІуэр я классэгъу щІалэ щІыкІуэм узыфэхэмкІэ ящхьащІыкІыж.

- Зы лъэныкъуэкІэ, абы и щхьэусыгъуэр хъыджэбз цІыкІуэр еджэным нэхъ псынщІэу зэрыхэзагъэрщ, школ программэр нэхъ тынщу кьыззрагщтэфырщ. Ауэ класс нэхъыбэхъэм зэрынэсу щІалэ цІыкІуэм нэхърэ нэхъ ерыщу абыхэм еджэным зрат, экзаменхэм щхьэкІэ нэхъыбэу мэгуэавэ. А псоми кьрокІуэ хъыджэбз цІыкІуэм психосоматикэ узыфэхэр нэхъыбэу кьеуэлІэныр, - жиІащ Рапопорт Иринэ.

Сымаджэхэр хъумэнымкІэ лигэм и президент Саверский Александр кьызэрыхиГъащащи.

Пожьыгъэ кодексым кьызэрыщыхьамкІэ, тхьэмахуэм кьриубыдэу балигъэр сыхьэт 40 нэхърэ нэхъыбэкІэ лэжьэну хуиткъым, ауэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапіэхэм егъэджэныгъэр кьызэгъэпэщынымкІэ щыІэ санитарэпидемиологие мардэхэм ятепщІыхьмэ, еджапІэ зэрыщІэмрэ унэ лэжьыгъэмрэ зэхэту сабийм сыхьэт 47-м нэблагъэ ягъэкІуэдын хуей мэхъу.

- Сабийхэм я дежкІэ еджапІэр - цІыху балигъым и дежкІэ лэжьыгъэм хуэдэ дыдэщ. Дольагъу цІыкІуэм еджэным зэман куэдИуэ зэрытрагъэкІуадэр, уеблэмэ, адэ-анэхэм нэхърэ нэхъыбэрэ мэлажьэ, - кьыхигъэщащ щІэныгъэлІым. - Си пхъур кьыдокІуэтей, си нэгу щІокІ, егъэджэныгъэ системэм зэрызихъуэжьр, сабийхэм гугъу зэрехьыр.

Мэзкъу дэт «Царицыно» егъэджэныгъэмкІэ центрым и унафэщІ, Урысейм и щІыхьэ егъэджакІуэ Рачевский Ефим и фІэщ мэхъу сабийхэм я узыншагъэр зэлъытар еджапІэр ар ямыраУ, атІэ ерыскъыхэкІэмрэ экологиемрэ епхаУэ.



- Гульытэ хуэщІын хуейщ, сабийхэр зэрыбауэ хьэуам, унэм щалэжьымрэ щашхьымрэ. Школыр абы сыткІэ епха? - жиІащ педагогым.

Егъэджэныгъэ Іуэхутхьэбзэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитныгъэхэм я хьумакІуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІ Панин Виктор а щытыкІэм нэгъуэщІущ зэреплъыр.

- Егъэджэныгъэр кьызэгъэпэщыным и кьалэн нэхъыщхьэр - еджэным щыпэрыхьэм сабийм иІа узыншагъэр ихъумэныщ. Гульытэ нэхъыбэ хуэтщІыпхъэщ школхэм профилактикэ Іуэхугъуэхэр кьыщызэгъэпэщыным. Ауэ программэ хэхарэ мардзрэ ямыІэмэ, еджапІэхэм я унафэщІхэр я унэтІыныгъэм сэбэпынагъ кьыпэкІуэу ирилэжьэфынукъым, - кьыхигъэщащ щІэныгъэлІым.

Рапопорт Иринэ зэрыжиІамкІэ, ЩІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым кьихьа статистикэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкІэ министерствэм и бжыгъэхэмрэ зэщхьэщокІ:

- Министерствэм кьызэригъэльэгъуэмкІэ, щытыкІэр куэдкІэ нэхъыфІщ: школакІуэхэм я процент 30-р узынщэ дыдэщ, III гупым хьыхьэхэр зэрыхъур процент 20 кьудейщ. Ди щІэныгъэныгъэхэм ятепщІыхьмэ, школхэм сабий узынщэ дыдэхэр щыІэкъым, кьахуина узыфэхэр зиІэхэр я ныбжьым ельытауэ процент 45-рэ - 60-м щІегъу.

Абы кьыдэкІуэу, Узынышагъэр хъумэнымкІэ министерствэм и пресс-Іэнатіэм къита бжыгъэхэм кьызэрагъэльэгъуэмкІэ, иужьрей илъэс-хэм кьриубыдэу сабий узыншэхэмрэ я узыншэ дыдэхэмрэ я бжыгъэм хэхъуащ, узыншагъэр кьызэралъытэ І, II гупхэм хиубыдэ сабий псори къапщтэмэ процент 84,6-рэ мэхъу.

«Сабийхэм я узыншагъэмкІэ лъэпкъ щІэныгъэ-практикэ центрым» сабийхэмрэ щІалэгъуалэмрэ я узыншагъэр хъумэнымкІэ и щІэныгъэ-хэхутакІуэ институтым илъэс 11-м кьриубыдэу иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэр щызэхуэхьэсыжа «Руководство по медицинскому обеспечению обучающихся в образовательных организациях» оборникьр кьыдигъэкІащ. Абы кьыдыщащ школым щагъэт узыфэхэр къэмыгъэхъуэнымкІэ чэнджэщ-хэр. Кьурат еджапІэхэм ахэр зэкІэ кьыщагъэсэбэпыркъым, ауэ НИИ-м и сайтым щыбгъэтынущ. А псоми кьадэкІуэу УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм кьыщыхагъэщащ Іэнатіэм и лэжьыгъэ щыІэтраублэкІэ чэнджэщхэр кьызэрагъэсэбэпынур.

ЩІэныгъэлІхэм кьызэралъытэмкІэ, бжыгъэхэр апхуэдизу щІэзэщхьэщыкІыным и щхьэусыгъуэр школакІуэхэм драгъэкІуэкІ кІэлъыплъныгъэхэм я фІагъыщ. Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм «Балитынымрэ» и имыувахэм, егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапіэхэм щІэтІысхьэхэри абы щыщ. Ахэри хэту, медицинэ кІэлъыплъныгъэ зэрыдрагъэкІуэкІым хуейм теухуа» и унафэм кьызэрыщыхьамкІэ, школакІуэхэмрэ сабий садым екІуалІэхэмрэ илъэсым зэ кьыкІэлъыплъын хуейщ щыпІэ поликлиникэхэм. А кІэлъыплъныгъэхэм ябгъ итклІэ, сабийхэр узыншагъэ гуп гуэрым хагъэхьэ. ЩІэныгъэлІхэм кьызэрыхагъэщыжьмкІэ, апхуэдэ кІэлъыплъныгъэхэм мыхьэнэ яІэкъым икІи пІащІэгъэ Іэкъэ ирагъэкІуэкІыу - аркъудейщ. Абы кьрокІуэ узыншагъэм иІэ щыщІэныгъэхэр зэгъэсаУэ кьызэрамыкъуэр. ИкІэм-икІэжьм аращ статистикэфІхэр кьызызэкІыр.

**БЕРИШВИЛИ Наталие.**
*iz.ru*

# ДэІэпыкъуныгъэр тІуащІэ хъунущ

● Унагъуэ

**- Дызытепсэлъыхьынур кьэралым и кьэкІуэнурщ, лъэпкъыр хъумэнырщ, - зэхуигъэзащ Путин Владимир блыщьэм Кремлым щекІуэкІа зэпэщІэм хэтахэм. - Сыт кьэралыр зищІысыр? Ар цІыхухэрщ. Демографиеращ кьэралым щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм я сэбэпынагъыр къэзыгъэльэгъэурщ.**

ПРЕЗИДЕНТым кьулыкъущІэхэр щызэхэзыушэсар кьэралым и Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм тепсэльыкІыну арат. ИкІи ар ауэ сытми кьрахьэжьа псалъэмакъэкъым.

- Ди жагъуэ зэрызэпэщІыкІ, нобэ аргуэру дыІууащ сабий кьалъхуэхэм я бжыгъэм зэрыхэщІым, - жиІащ абы.

Ар куэд зыпэмыплъа щытыкІэт. Псори есэжат иужьрей илъэсхэм Урысейм кьыщалъхуэхэм хэхъуэ зэпыту зэрекІуэкІым. Ауэ Путиным бжыгъэщІэхэр кьихьащ: 2017 гъэм и щІышыпІэ - мэлыжьыхь мазэхэм, 2016 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэ дыдэмебгъапщэмэ, кьалъхуэхэр цІыху мин 68,7-кІэ нэхъ мащІэщ.

- Апхуэдэ щытыкІэ кьызэрыхъунур демографхэм хъапэІуэкІэ хуагъэфэщат. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, иджыпсту, 2015 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2020 гъэ пщІондэ демографие кризисым дыхохьэ, апхуэдэхэм лІэщІыгъуэ пІанэ кьэс кьыпрагъэзэж, - жиІащ Президентым. - Хэку зауэшхуэм и лъхъэнэм кьалъхуэхэр зэуэ мащІэ зэрыхъуам кьрикІуащ 70 гъэхэм абы кьызэрыригъэзэжар. А щІэблэрагъ гугъуехь щыщІа 90 гъэхэм сабий кьэзылъхуар. Апхуэдэу 90 гъэхэм дунейм кьытехьахэм иджыпсту унагъуэ яухуэн щІадзэ.

Щэч хэмылъу, Путиным ягу кьиГъэкІыжащ Урысейм кьыщалъхуэхэр мащІэ хуэныкъуэ «илъэс зыбжанэкІэ зэрызэтраІыгъар». Ар ехьэлІэныгъэшхуэ дыдэщ. Абыкіэ сэбэп хуэщІ унагъуэ капиталыр, сымаджэщхэмрэ сабий садхэмрэ хуэхэсу ухуэныр. Ауэ нобэ, абы текІуадэ кьарур тІуащІэ щІын хуейщ.

Сыт лъжьыпхъэр? Сыт унагъуэхэм яхуэщІэн хуейр сабий зрагъэгъуэтын папщІэ? Путиным кьрибжжэкІащ кьулыкъущІэхэр жьджэру зэлэжьыпхъэ унэтІыныгъи 5-р. Мис ахэр:

1. Унагъуэ капиталым адэкІэ и щытыкІэным егупсысын.

2. Сабий зыщІэс унагъуэхэм яГъэт дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэн.

3. Илъэсищ имыкъуэ сабийхэр яслъэхэмкІэ кьызэгъэпэщын, сабий садхэр зэращІа щыкІэм тету.

4. Сабий зиІэ унагъуэхэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщынымкІэ хуэунэтІа Іэмалыщ Іэхэр кьыхэлъхьэн.

5. ЛІэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ щІын ямыІэ ехьэлІа лэжьыгъэр жьджэру егъэкІуэкІын.

- Иджыри зэ кьыхэзгъэщыну сыкуейщ: демографием илъэс пщІы бжыгъэкІэ ящыщ Іуэхуитэ и зыужьыкІэнур теухуащ, - дыщІигъужащ Путиным. - ГурыІуэгъэщІ мыльКум сытым деж дыззрыримыкъур, ауэ, ахэр зэрыгъэхуаУэ кьэдэгъэсэбэпынхъэщ. Кьэралым и щІыху бжыгъэр хъумэным-рэ къалъхуахэм ядэІэпыкъунымрэ ди кьалэн нэхъыщхьэщ.

**ГРАЧЁВ Иван**.
*«Комсомольская правда»*

*ПІанэпэр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Замирщ**.

● Урысей МВД-м и кинолог Іэнатіэр илъэси 108-рэ ирокъу

# ЩІыхум и дэІэпыкъуэгъу хьэ Іущхэр

**КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм и Кинолог кІулыкъу центрым (ЦКС) и унафэщІ, полицэм и подполковник Заруцкий Олег тепсэльыхьащ я лэжьыгъэр зыхуэдэм, зыхуэф-зыхуэфІхэмкІэ кьыззрыгъэпэщам, кинолог-Іэщіагъэлі хэм яГъэльэгъуащ я къулыкъум кьыщагъэсэбэп хьэхэм я зэфІэкІхэр.**

ЗАРУЦКИЙ Олег зэрыжиІамкІэ, мы гъэм хьэ гъэсахэр здашащ кьэхъукъащІэ кьыщыхъуа щыпІэ 352-м, щІэпхъаджагъэ 155-рэ сэтей кьыщащІым. ЦКС-м иджыкІэ иІэщ: нэмыцэ овчаркэ, лабрадор, ротвейлер, кьащэхунущ псынщІэу зекІуэ малинуа бельгийскэ овчаркэр,

- Хьэр псори пхуегъэсэнкъым мы лэжьыгъэм. Дэ кьыхэтхыр джэгунымкІ дихьэх, мыбзаджэ, бгъэІурыщІэф лІэужьыгъуэхэрщ, - жеІэ Заруцкий Олег.

Кинолог кьулыкъу центрым хьэхэр гъэхъунымкІэ, гъэсэнымкІэ и инспектор, полицэм и капитан Къул Алан, мы гъэм и накъыгъэм Урысей Ипщэм и кинолог-Іэщіагъэлі хэм я зэхьэзэхуэныгъэ щыІэ ящыщыхьам, Роми нэмыцэ овчаркэр зэрыжьІэдаІуэр игъэлъэгъуащ. Ар щыгъуащ Алан бжьыпэр зэриубыдар. Офицерым и гъэсэныр и гъуэсу зыхуегъэхьэзыр мы гъэм и фокІадэм екІуэкІыну Урысейпсо чемпионатым.

- Роми жеІэр кьыгуроІуэ, кьалэныщІэр псынщІэу кьеплъхъуэтэ. Нэхъыщхьэр сэ езым тэмэму гурызэгъэуэнырщ абы кьыппысхьну сызыхуеиР, - жеІэ Алан.

Кинолог-Іэщіагъэлі хэм ягъэльэгъуащ хьэ гъэсахэр щаІыгъ вольерхэр, ахэр кьызэррашэкІ, зыхуей псомкІи кьызэгъэпэща транспорт щхьэхуэр, Центрым и пщІантІэм дзт ветеринар Іуэхущ Іапіэр.

Полицейхэм я гъэсэнхэм ягъэльэгъуащ щІэпхъаджагъэр яубыдыныжкІэ, хьэпшІыпхэр кьэгъуэтынымкІэ, абы Іэщэри хьыхьу, нэгъуэщІхэмкІи яІэ зэфІэкІыр.

***КъБР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыІэ министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.***

# Зыгъэсэныгъэм щІадзэ

● Футбол

**Мазэ иримыкъуІкІэ загъэпсэхуауэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ тренерхэмрэ бадзэуэгъуэм и икуэм щІэзыдзэну зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр.**

ЯПЭ дивизионыр зыбгъыну етІуанэм кьыщыхута ди командэр кьана щІагъуэ щыныІэу зэбгрыкІащ. Мазэ ипэкІэ «Спартак-Налшыкым» хэта тренеру 2-ра футболист 12-рэ иджыпсту нэгъуэщІ щыпІэхэм кьащыкІэпоплъ е зыхагъэхьащ. Шэч хэлъхьэм, ящыныкъуэхэм кьагъэззэжьынкІи хъунущ, ауэ нэхъыбэр налшыдэсхэм зэрахэмытыныр наІуэщ.

Апхуэдэу щыт пэтми, зи чэзу зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзырыр хуейщ. Абы и ялп Іыхьэм нэхъ зэгуГъунур зызыгъэпсэхуауэ кьэкІуэлІэжа футболистхэм я кьарур зэщІэгъэуІуэжьнымрэ командэм хэкІыжахэм я пІэкІэ хагъэхьэныгъэр кьыхэхънымрэщ. Иужьрей Іуэхугъуэр хуабжьу гугъу зэрыхъунур нэрылъагъущ. Сыти жьаІи, ялп зыгъэсэныгъэм зэкІэ кьрихьэлІэжар «Спартак-Налшыкым» хэтахэм ящыщу цІыхух ещІэдейщ: гъуащхьэтет Кьардэнир, гъуащхьэхъумэ Лелюкаевыр, гъуащхьэхъумэ ныкъуэхэу Тебэрдыр, Шавраевыр, Каркаевыр, гъуащхьэуэ ЛІупыр.

Зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэри ирагъэкІуэкІынущ. Абы-хэмкІэ наІуэ ящыну хущІэкъунущ дэтхэнэми и зэфІэкІыр здынэсыр.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ номерыр кьыщыдэкІынур мэкъуауэгъуэм и 24-рщ.***


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр:**

**Жьэкіэмыхъу Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и ялп къуэдзэ), **ЖылаСэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьэншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.**



**Езыгъэтхэхэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

**360030, Кьэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельытыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.**

**Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.:76-01-28, 76-01-10**

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

**Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.**

**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.**

**КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33**

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Мариие,** *корректорхэу* **Щоджэн Инне** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я зэдэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Мариие, Ныр Сандэ, Щомахуэ Мариане, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниие.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №777**